ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м и ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪУДОКI

№202 (23.610) ● 2017 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 21, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Путин Владимир лэжьыгъэ Iуэхукlэ хуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий

Путин Владимир лэжьыгъэ Iуэхукlэ хуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий. Зэ1ущIэм щытепсэлъыхьащ щыналъэм и социально-экономикэ щытыкIэмрэ абы щыщыIэ гугъуехьхэмрэ. Щхьэхуэу и гугъу ящIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр дуней къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэм япэщIэтыныкIэ и программэм.

Путин Владимир: Юрий Александрович, хабзэ зэрыхъуан тету, япэ упщIэр республикэм щыIэ социально-экономикэ щытыкIэм теухуащ. ЕтIуанэр - сэ сыщыгъуаззщ дуней къэхъукъащIэ къызэрымыкIуэхэм къаша гугъуехьхэр гъэзэкIуэжьным хуэгъэпса программэ зэрыщыIэм. А Iэхуми дытепсэлъыхьынщ.

КIуэкIуэ Юрий: Псом япэрауэ, социально-экономикэ, жылагъуэ политикэ щытыкIэхэр ди нэIа щIэтщ. Республикэм и экономикэ зыужьыныгъэм кьрикIуэхэм я гугъу тщIымэ, иужьрей илъэсищым ди экономикэм зэрызиужьыр нэрылъагъущ.

Уеблэмэ, мы гъэм и мазибгъум кьрикIуэхэм къызэрагъэлъагъэущи, дызыщыгъуазэ гугъуехь мымащIэми, Урысейм ику иту щыщыIэ мардэхэм дынэсащ икIи а бжыгъэхэм дытетщ.

Накъыгъэ указхэм я гугъу тщIымэ, щэч хэмылъу, къалэн псори зэфIэдгъэкIащ. Къимыдэкlэ, иужьрей илъэсищым дэ федеральнэ министерствэхэм быдэу дапыщIауэ дыпэжьэн хуей хъуащ икIи зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэм яхухэха Iуэхущапlэхэм кIуэныжьлэ иджыри цIыкIу минийм щIигъум апхуэдэ Iэмал еттащ. Апхуэдэ щIыкIэкlэ, илъэсищ ныбжьым къыщыщIэдзауэ илъэсибл хъу цIыкIуэм школым мыкIуэ щIыкIэ ягъуэтын хуей щIэныгъэм теухуа къалэныр процентищкlэ дгъэзэщIащ.

Апхуэдэ дыдэщ МФЦ-хэм ятеухуа Iуэхури, цIыхухэм я Iуэхуэгъэ абыхэм кьанэ щымыIуэ щызэфIагъэкIыу (Уи указхэм зэрыщыубзыхуам хуэдэу) Iуэхур зэтедухуащ. НэгъуэщI лъэныкъуэкlэ зэкlэ и кlэм нэдмыгъэса гуэрхэри щыIащ, ауэ илъэсым и кIэухым ахэри зэфIэдгъэкIынущ.

Иджы, Владимир Владимирович, цIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным, щIэпхъаджагъэмебэныным теухуауэ - ди дежи, зэрыщыту, щIэпхъаджагъэу щалэжьым зэрыкlэрыхур щынэрылъагъущ, абы щыщи, нэхъ дызыщыгуфыкIырщи, щIэпхъаджагъэ ихьэлъэу, хьэлъэ дыдэу ялэжьри нэхъ мащIэ мэхъу.

Терроризм, экстремизм унэтIныныгъэ зиIэхэм я лъэныкъуэкlэ - мыбдежми, зыхуэфащэ федеральнэ къулыкъущIапlэхэм, хабзэхъумэ Iэнатlэхэм, Терроризмэм пщIэтынымкlэ лъэпкъ комитетым и лэжьыгъэм хыхьэу, Iэхум жыджэру яужь дитщ, нэгъуэщIу жыпlэмэ, зэхъуэкlныныгъэхэр щыIэщ. Дэ дызэдегупчуурэ ди лэжьыгъэр зэтедухуащи, абы кьрикIуэхэри нэрылъагъущ, цIыхухэми ахэр зыхащIэ.

Владимир Владимирович, етIуанэ упщIэм теухуауэ - зи гугъу сщIыр къызэрымыкIуэ щытыкlэхэм, дуней къэхъукъащIэхэм, мы гъэм и шыщхьэуIум и 15-м - фокIадэм и 1-м ди деж къыщыхъуахэм, къаша ныкъусаныгъэхэр гъэзэкIуэжьным теухуауэ пщэрылъ къытщыпщIакъэрщ. А Iэхум пыщIа псомИ Уэ фIыуэ ущыгъуаззщи, абыхэм къытезгъэзэжьнкъым.

Къалэн къытущыпщIахэм ящыщу - апхуэдэ щытыкlэ дянэкlэ къэмыгъэхуным хуэгъэзауэ зэфIэгъэкIыпхъэр убзыхуным и лъэныкъуэкlэ - Правительствэм, Урысей Федерацэм и Правительствэм и комиссэм иубзыхуахэр дгъэзащIэу, министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я гъусэу икъукlэ дегугъуу дылэжьащ дэ а махуэ 40-м.

Икъукlэ щIэпсэкъуэныщхуэ мы Iуэхумкlэ къытхуэхъуащ Бгы лъагэ геофизикэ институтыр. Ар УФ-м ЩIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкlэ и министерствэм и Росгидрометым и щIэныгъэ центр нэхъыщхьэщ, ахэри а Iуэхум егугъущ.

Дэ ахэри ди гъусэу дыхуэкIуащ республикэм и географие щытыкlэри къэлъытауэ Iуэхум елэжьын зэрыхуейм теухуа унафэм. А гугъуехьхэр щыналъэ куэдым ехьэлIащ нобэ, зи гугъу сщIыр дунейм къыщыхъу къызэрымыкIуэ щытыкlэхэрщ.

Путин Владимир: Пэжу, фи деж мылхэр къыщыткIуэр?

КIуэкIуэ Юрий: НтIэ.

Мыбдежым зи гугъу щысщIыр Iуащхьэмахуэ лъапэ и закъуэкъым. Ар Дзэлыкъуэ, Бахьсэн, Прохладнэ щыналъэхэщ - уегупсысмэ, ахэр тафэ щыпlэхэу къыпщыхьунущ. Абы къыхэкlыу мыбдежым псоми яхьэлIа Iуэху бгъэдыхьэкlэ, абы щыгъуэ Уэри зэрыжыпIауэ, щыIэн хуейщ.

Дэ чэнджэщхэр зэхэтлъхьащ, япэщIыкlэ абыхэм Правительствэмрэ а Iуэхум елэжь ведомствэхэмрэ дыщытепсэлъыхьри. Сэ сынольэIунут, Владимир Владимирович, Къэбэрдей-Балъкъэрым къызэрымыкIуэ щытыкlэхэм щапэщIэтыныкlэ и программэ къуэдзэр Урысей Федерацэм и цIыхухэмрэ щыналъэхэмрэ къызэрымыкIуэ щытыкlэхэм ящыхъумэныкlэ къэрал программэм тхухагъэхьэным теухуауэ.

Путин Владимир: Фелэжь абы.

КIуэкIуэ Юрий: Долэжь икIи, апхуэдэ Iэмал щыIэмэ, дыхуейт абы теухуа пщэрылъхэр Уэри яхуэпщIыну.

Путин Владимир: Мылылъэхэр зэрыткIур наIуэ къэхъуа, пэж дыдэу?

КIуэкIуэ Юрий: НтIэ, ар нэрылъагъущ.

Владимир Владимирович, ар къэхутэным теухуа лэжьыгъэшхуэ ирагъэкIуэкIащ. Уэри уощIэж, 2000 гъэм ди деж апхуэдэ къыщыщыхъуам, абы щыгъуэ, иджыпстуи хуэдэу, цIыхухэр хэкIуэдауэ щытащ. Абы щыгъуэ Уэ къалэн ящыпщIри, псори дызэдзIэпыкъуурэ духуауэ щытащ километрэ ныкъуэрэ зи кIыхьагъ кIэнауэ. Аращ иджыпсту Тырныауэ къалэри абы и инфрастуктурэри къезыгъэлар.

Къэхъуфыну шынагъуэм и пэ ищу лэжьат Iэщlагъэлlхэр икIи ятIэпсыр зэрыщыту абы кIуауэ жыпlэ хъунущ - метрибл и куугъащ километрэ ныкъуэрэ хъу а кlэнауэми, абы дэз хъуат ятIэр.

Путин Владимир: Ар сыту куэдыщэ хъурэт?

КIуэкIуэ Юрий: Ар тонн мелуан бжыгъэ хъурт, икъукlэ ятIэшхуэ къехащ. ЕтIуанэуи къехащ, япэр дгъэкъэбзэжа къудейуэ. Абы щыгъуэ Уэ унафэ яхуэпщIри, дэ жыджэру къыддэIэпыкъуащ Зыхъумэжьныгъэмкlэ министерствэри МЧС-ри.

ЖысIэну сыхуейщ Уи уполномоченнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм и аппаратми Правительствэми быдэу дапыщIауэ дызэрылэжьар, Медведев Дмитрий Анатолий и къуэми зыкъытщIигъэкъуащ, дэ Уи унафэкlэ щхьэхуэуи дызэIущIащ.

Владимир Владимирович, дуней щытыкlэм щы хъурейм нэрылъагъуу зыщекlуэж, Iэщlагъэлlхэри я Iуэху епlлъыкlэмкlэ арэзы зэдохьу. Къэбэрдей-Балъкъэрым я проектым сэбэныгагъуу къыщихьым деплъын щхьэкlэ ди деж къыщыхэтлъхьэмэ, ар КIуэкIыпlэ Жыжьэми, дунейм и щытыкIэм а щыналъэми зыщекъуэж, абыи къыщыбгъэсэбэп хъуну ди гугъэщ.

Путин Владимир: Абыи девгъэплъ.

Лъэпкъ куэд зэгурыIуэныгъэм и утыку

● XIX Дунейпсо фестиваль

Жэпуэгъуэм и 19-м, «Валдай» дунейпсо клубым я зэIущIэм хэта иужькlэ, УФ-м и Президент Путин Владимир яхуеблэгъат ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX дунейпсо фестивалым хэтхэр щызэхуэса шхапlэхэм ящыщ зым.

ДИ КЪЭРАЛЫМ и Iэтащхьэр щIалэгъуалэм епсэлъащ, фестивалыр кьаззрыщыхъум щIэупщIащ, ныбжьыщIэхэр зыхуей зэрыхуагъаззм зыщигъэгъуззащ. Ауэ къызэхуэсахэм Президентыр тыншу яутIыпщакъым, Урысейм и къэрал щыIэ политикэм, хамэ къэралхэм зэрадзэлажьэну щыкlэм теухуа упщIэхэр я куэдт абыхэм. Бразилием къикIахэм ящыщ зы студент Путиным елъэIуащ БРИКС-м хьыхь я къэралхэм я зэдзэлажьэныгъэм пащэну.

«Сэ иджыпсту сыкъызадикIыж «Валдай» клубми я Iуэхум теухуа упщIэ къыщызатат. Абы кьеГъэлъагъуэ дунейпсо политикэмкlэ Iэщlагъэлlхэм япэхъун къызэрыфхэтыр. Ахэри егъэгузавэ БРИКС-м и лэжьыгъэр адэкlэ зэрыхъунум. Пытщэну къыдолъэIу. Дэри аращ ди гугъэр. Мы фестивалыр едгъэкIуэкIыну щытедухуэм, мурад нэхъыщхьэу диIар дуней псом щыщ щIалэгъуалэ нэхъ жьыджэрхэр зэхуэтшэсынырщ, ахэр зэрыдгъэщIыжьнырщ. Ди къэралым, лъэпкъхэм ятеухуа гукъэкIыж дахэхэр я гум къыднэнырщ», - жиIащ Путин Владимир.

Я зэIущIэм и кlэухым ныбжьыщIэхэр Президентым елъэIуащ фестивалыр щызэхуащIыж махуэм къахуеблэгъэну.

ЩIэщыгъуагъэрэ гъэщIэгъэныгъэкlэ гъэнщIауэ ныбжьыщIэхэм Сочэ щагъакIуэ махуэхэр зыр адрейм йофIэкIыж. Дыгъуасэ щIалэгъуалэм яIущIащ щIыуэпсыр хъумэныжьмкlэ WWF дунейпсо фондым и унафэщI нэхъыщхьэ Ламбертини Марко. Абы къызэрилъытэжьмкlэ, цIыхухэр псори зэкъуэту щIыуэпсыр зэрахъумэным, ар зэрыгагъэфIэкIуэным елэжьыпхъэщ, ар дэтхэнэми и гъащIэ хабзэу щытыпхъэщ.

ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX дунейпсо фестивалым гъэазджэм, щэнхабзэм, спортым, щIэныгъэм, узуншагъэр хъумэным, политикэм, нэгъуэщI унэтIныныгъэ куэдымкlи зэIущIэхэр, мастер-классхэр щрагъэкIуэкI. Дэтхэнэми гъэщIэгъуэн, щIэщыгъуэ щыхъун куэд щигъэтынущ абы.

Къапщтэмэ, къызэгъэпэщакIуэхэм дыгъуасэ зэпеуэ гъэщIагъуэн къыхалъхьащ. Фестивалым ныбжьэгъу зэрыщызэригъэпэщам теухуа хъыбар нэхъ дахэ зытхым и ныбжьэгъущIэр щыпсэу къэралым зэрыкIуэн путёвкэ къыхуащэхунущ. Зэпеуэр «Инстаграм», «Вконтакте» социальнэ гупхэм щокIуэкI, икIи дэтхэнэми и хъыбарыр и напэкIуэцIым кьрелъхьэ, сурэт дэщIыгъуу. Адакlэ къызэгъэпэщакIуэхэм нэхъыфIу кьалъытэр къыхахьыжынущ.

ЩОМАХУЭ Залинэ.

КIуэкIуэ Юрий Сочэ щаIущIащ ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX дунейпсо фестивалым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу хэтхэм

ЩIалэгъуалэмрэ студентхэмрэ я XIX дунейпсо фестивалым Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу хэтхэм КIуэкIуэ Юрий Сочэ щаIущIащ.

ЩIЫНАЛЪЭМ и унафэщIым къыхигъэщащ КъБР-м и щIалэгъуалэм егъэджэныгъэ, щIэныгъэ, спорт Iуэхугъуэхэмкlэ мы зэхьыхьэм хъарзынэу зыкъызэрыщигъэльэгъуэр, республикэм щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэр хуэфащэну утыку къызэрыраухьэр.

Фестивалым ущыIэным, жиIащ КIуэкIуэм, Iэмал гъуэзджэ къует уи ныбжьым иту къэрал куэдым къикIахэм уаIущIэну, дунейпсо щIалэгъуалэ зэдзэлажьэныгъэр гъэбыдэныжьмкlэ, гъащIэм и гугъуехьхэр къыбгурыIуэныжьмкlэ сэбэп мэхъу.

КIуэкIуэ Юрий жиIащ и фIэщ зэрыхъур мыпхуэдэ зэхьыхьэшхуэм зэрыхэтар Iэфlу ягу къызэринэжьынур икIи нэгузыужь дахэу зэрыщытынур.

КъБР-м и Iэтащхьэр щIалэгъуалэм дэщIыгъуу щыIащ Урысей экономикэм и инновацэ екъулIэныгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэм.

Фигу къэдгъэкIыжьныщи, ди республикэм и делегацэм хохьэ фестивалым хэт цIыху 70-рэ волонтёр 20-рэ. Абыхэм къызэщIаубыдэ еджакIуэхэр, студентхэр, журналистхэр, блогерхэр, спортсменхэр, хьэрычэтщIэхэр, дохутырхэр, егъэджакIуэхэр, творческэ Iэщlагъэхэм пэрытхэр.

УРЫСОКЪУЭ Ринэ.

● Фэеплъ махуэ

КIуэкIуэ Валерий ягу къагъэкIыж



Жэпуэгъуэм и 18-р къыщалъхуа махуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ президент КIуэкIуэ Валерий.

«КЪЭРАЛ лэжьакIуэ гъуэзджэ, жэуаплныныгъэ куу зыхэзыщIэ политик Iуц, ар республикэм и унафэщI хъуащ абы и тхьдэм и зэблэкIыгъуэ лъэхъэнэ нэхъ гугъу дыдэм. Жьыжьэ плъэфу зэрыщытым, гъащIэм къыхиха Iэзагъым Iэмал къариташ хьэлъэу щыта бгъущI гъэхэм щыналъэм зэпIэзэрытыныгъэр щихъумэну, адэкlи экономикэм зиужьын папщIэ зыхуеину Iэмалхэр къызэригъэпэщыну.

Валерий Мухьэмэд и къуэр Урысейм и хэкупсэ нэсу щытащ икIи куэд ищIащ къэралыгъуэм и зэкъуэтныгъэр игъэбыдэн папщIэ. Абы фIыуэ хищыкIырт цIыхухэм я гукъеуэм икIи щытыкlэ нэхъ гугъу дыдэхэм хэкIыпlэ пэжжэр къыхуигъуэтыфырт. Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди Хэкумрэ я къуэ пэжым и фэеплъ нэхъыжьэ игъащIэкIи ди гум илъынщ», - къыщыхигъэщащ КIуэкIуэ Юрий Инстаграмым щиIэ и напэкIуэцIым.

ЯРОСЛАВСКАЯ Маринэ.

● Iуэху щхьэпэ

Гъуэгухэмрэ туризмэмрэ

Ди газетым зэрытетащи, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхуэхмкlэ и министрым и къуэдзэ Рухуллаевэ Ольгэрэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимирэ ирагъэкIуэкIа зэхьихьэхэм ящыщ зым щытепсэлъыхьащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хиубыдэ хэгъэгухэр турист кIуапlэ нэхъри щыным хуэунэтIауэ транспорт зэмылIэужьыгъуэхэр абы къызэрыщагъэсэбэпымрэ хэкIыпlэщIэу къыхалъхьэхэмрэ.

КъБР-м Транспортымрэ связымкlэ и къэрал комитетым и Iэтащхьэ **Къудей Арсен** и гугъу ищIащ республикэм мы Iэнатlэм зэрызыщижьым, гъущI гъуэгу билетхэм яIэ щIэупщIар зэрехэхам. Абы зэрыжиIэмкlэ, мы зэманым автобусхэр, кхъухьлъатэхэр, екъулIэныгъэ яIэу, мафIэгухэм йохьэйохуэ, цIыхухэр зыхуейм нэхъ псынщIэу зэрынагъасыфым и фIыгъэкlэ. Абы къыхэкIыуи, Къудейм къетлъитэ Налшыкрэ Мэзкуурэ мафIэгухlэ зэрызэпыщIауэ щыта хабзэм, 2013 гъэм щыIам, хуэкIуэжьыпхъэу.

Урысейм и МВД-м КИФЩI-м щиIэ и Iуэхущапlэ нэхъыщхьэм федеральнэ КПП-хэм, блэкI-къыблэкIыжхэр щIэзыпщытыкI щыпlэхэм, я лжьыгъэр къызэгъэпэщыныжьмкlэ и къудамэм и унафэщым и къуэдзэ **Щукин Андрей** къызэрилъытэжьмкlэ, туристхэр ди щIыпlэм лъэпощхьэпоунэу щызекIуэфын папщIэ, ахэр къызэрежьэ автобусым исынухэмрэ ар зезыгъэкIуэнумрэ ятеухуа хъыбарыр зы мазэ иIэжу туроператорхэм къэрал кIуэцI органхэм Iэрагъэхьапхэщ. Рухуллаевэ Ольгэ ар пlалъэ кIыхьыIуэу зэрыщытыр жиIа нэужь, Щукиныр арэзы техъуащ къэпщытэныгъэхэр махуи 10-м къиубыдэу зэрызэфIагъэкlыфынуми. Апхуэдэу ящIмэ, нэгъуэщI щыналъэм ихьэ автобусыр къыщагъэувыIэкlэ, пассажирхэр кърамыгъэкIыу, ахэр зэрызекIуэ я тхьилъхэр хабзэхъумэхэм ирагъэлъагъуфынущ.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхуэхмкlэ и министрым и чэнджэщагъу **Аристов Станислав** зэрыжиIэмкlэ, мы зэманым нэхъ зэгъэхъулIэгъуафIэр щыналъэм автомобиль турист гъуэгуанэщIэхэр щыпхышынырщ, машинэ гъэувыпlэщIэхэр къыщызэгъэпэщынырщ, хьэщIэщ щыкIуэр къыщызэIуихынырщ. Абы къызэрилъытэмкlэ, «Дуней псом щынэхъ къуажэ дахэ дыдэ» зыфIаща зэгухьэныгъэм ди республикэм и жылагъуэ зыбжани хэбгъэхьэ хъунущ.

Мы зэманым УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Iуэхуэхмкlэ и министерствэр йолэжь 2035 гъэр къэсыху КИФЩI-м туризмэм зэрызыщиужьыну унэтIныныгъэщIэхэр убзыхуным. Эксперт комиссэм хэтхэр гъубж кIуам Шэрэдж районым щыIащ, бэрэжьейм Налшык курортыр зрагъэлъагъуащ, махуэкум Шэджэм, Iуащхьэмахуэ щыналъэхэм кIуащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Мылъку

Сом мин 900-м нэс

Урысей Федерацэм и премьер-министр Медведев Дмитрий и унафэкlэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хухахынущ сом мин 899,5-рэ творческэ Iуэхугъуэхэр даIыгъын, сабий, гуащэ театрхэр зыхуей ирыхуагъэззэн папщIэ.

МЫЛЪКУР къаутIыпщащ 2013 - 2020 гъэхэм «Щэнхабзэмрэ туризмэмрэ зегъэужьын» къэрал программэр гъэзэщIэным ипкъ иткlэ.

КъБР-м Щэнхабзэмкlэ и министерствэм къызэрыщыджаIамкlэ, мылъкур трагъэкIуэдэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал гуащэ театрым макъамэ, зэрагъэлъагъу Iэмэпсымэхэр кърыхуашэхун папщIэ. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэ щыналъэхэм япэу ирату араща.

ТЕМЫР Дисанэ.

● ХъыбарегъащIэ

Темыркъан Юрий и цIэр зезыхьэ Симфоническэ макъамэмкlэ VI дунейпсо фестивалым фрагъэблагъэ

Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Щэнхабзэмкlэ я министерствэхэм фрагъэблагъэ Темыркъан Юрий и цIэр зезыхьэ Симфоническэ макъамэмкlэ VI дунейпсо фестивалым.

2017 ГЪЭМ жэпуэгъуэм и 23-м фестивалыр гуфIэгъуэкIэ къызэIуахынущ. Къэрал макъамэ театрым и сценэм зыкъыщигъэльэгъуэнущ «Урысейм и лъэпкъ щIэин» саугъэтыр зыхуагъэфэща Гужов Михаил.

«Бас на бис» программэм щагъэззэщIэнущ Шаляпиным и репертуарым къыхаха Iыхьэхэр, Верди, Даргомыжскэм, Чайковскэм я оперэхэм щыщ ариехэр, Глинкэ, Танеевым, Рахманиновым, Свиридовым я романсхэр.

ЩыщIидзэнур сыхьэт 18-рэ дакъикъэ 30-рщ.

Фестивалым нэхъ зыубгъуауэ ущыщIэупщIэ хъунущ мы телефон-хэмкlэ: 77-42-08, 42-43-13.

● ЗэпыщIэныгъэхэр

Сербие Республикэм щыщ гъавэгъэкIхэр КъБР-м щохьэщIэ

Жэпуэгъуэм и 17-м Прохладнэ щыналъэм щыхьэщIащ Сербие Республикэм гъавэ, хадэхэкI гъэкIынымкIэ и институтым и унафэщI Туран Янрэ нартыху гъэкIынымкIэ IэщIагъэлI Бабич Милославрэ. Ахэр нартыхур Iуахыжу ирихьэлIат. Сербием къыщагъэкIа нартыху жылапхъэм и фIагъым ди гъавэгъэкIхэр щыгъуазэ ящIын, лэжьыгъэ и пIалъэкIэ къадзэгуэшэн мурадырт хьэщIэхэм яIэр.

ЗЭIУЩIЭР къызэгъэпэщыным и жэрдэмщIакIуэт зи жэуаплныгъэр зэхэгъэщхьэухкIа «Велес-Агро» зэгухьэныгъэр. Аращ Сербие Республикэм гъавэ, хадэхэкI гъэкIынымкIэ и институтым нартыху гибридым и жылэхэр щэныкIэ дэлажьэр.

Къэбардей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуздэз - мэкъумэш хозяйствэмкIэ министр Говоров Сергей я пашэу а зэIущIэм зрагъэхьIат ди республикэм щыщ IэщIагъэлI гупми. Ахэр хэтащ нартыху жылэщIэхэр щагъэлъагъуэм, еплъащ гъавэр зэрыIуахыж щIыкIэм, «Велес-Агро» ООО-м IэщIым ирагъэшх Iусыр къыщIэзыгъэкI и заводым и лэжьэкIэм.

Абы иужькIэ «стIол хъурей» мардэм ит зэIущIэ зэхэтащ. Абы щытепсэлъыхьащ Сербием къыщагъэкIа жылапхъэхэр адрейхэм къаззрыщхьэщыкI ефIэкIныныгъэхэм, «Велес-Агро»-м и гъавэ щIапIэ губгъуэм ар нэрыльагъу зэрыщыхьым.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщу зэIущIэм хэтащ Прохладнэ муниципальнэ щIыналъэм и Iэтащхьэр, республикэм Экономикэ зыужьныгъэмкIэ, Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэхэм я лIыкIуэхэр, «Велес-Агро» ООО-м и генеральнэ директорыр, апхуэдэуи КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ мэкъумэш университетым и лIыкIуэхэр.

Сербие Республикэм гъавэ, хадэхэкI гъэкIынымкIэ и институтым мэкъумэшхэкIхэм я жылапхъэ хэплъыхьахэмкIэ Урысей Федерацэм сату къыдэзыщI Iэхэущ IапIэ лъэрызехьэщ.

Гу зылъытапхъэ: Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ Сербие Республикэмрэ 2016 гъэм США-м и доллар мин 931,73-рэ и уасэ сату зэдащIащ. Сербием къращIащ доллар мин 925,76-рэ и уасэ, ирагъэщIащ доллар мини 5,97-рэ и уасэ.

Сербие Республикэм кърашхэм ящыщщ жыгхэмрэ нэгуэщI къэкIыгъэхэмрэ, хьэцэпцэ жылапхъэхэр, къэкIыгъэхэм я лъабжьэхэр, удз гъагъэхэр, бжьэхуц, упщIэ, цы хуэдэ материалхэр, кIапсэ зэмылIэужьыгъуэхэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым абы нэхъыбэу иригъашэр электрокъаруKIэ лажьэ машинэхэмрэ Iэмэпсымэхэмрэщ, абыхэм я пкъыгъуэхэрщ, макъ зыгъэ, зыIыгъ, телевизынхэр зэратх, абыхэм зэрелIэ аппаратурэхэрщ.

.

КЪЭРЭШЕЙ Элеонорэ.

● ТхылъыщIэ

Усэ къыхэхахэр щызэхуэхьэса

Урысей Федерацэм ис лъэпкъхэм я литературэм зегъэужьыныкIэ ядэIэпыкъуным теуху программэм хьихьэу, Москва иджыблагъэ къыщыдагъэкIащ «Современная литература народов России. Поэзия» антологие купщIафIэр. «Урысейм и щэнхабзэ» (2012-2018) федеральнэ программэм ипкъ иткIэ, тхылъыр дунейм къытехьащ Печатымрэ щIыхьэ коммуникацэхэмкIэ федеральнэ агентствэр (Урысейпечатыр) и дэIэпыкъуэгъуэ.

«ПщIэ зыхуэтщI тхылъеджэхэ! Ди къэралым и лъэпкъыбэ литературэм и тхыдэмрэ хабзэ дахэхэмрэ дрогушхуэ. Тукай Габдуллэ, Карим Мустай, Гамзатов Расул, Алиевэ Фазу, нэгъуэщI усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэхэр Урысейм къыщынэмыщIауэ, хамэ къэрал куэдым къыщащIыху. Абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм щыпхышат мамырыгъэр, зым адрейм пщIэ хуищIын зэрыхуейр, Хэкум и лъапIэныгъэхэр, къэралым щыпсэу лъэпкъхэм я щэнхабзэ кулейр хъумэн зэрыхуейр. А тхыгъэхэр ди зэхуэдэ хъугъуэфIыгъуэщ. Къыхэгъэщыпхьащ зэфIэкI къэзыгъэлъагъуэу лъэпкъыбзэкIэ къаIэмыр зыгъабзэ тхакIуэхэмрэ усакIуэхэмрэ ноби дызэримыкIыр. Абыхэм я Iэдакъэ къыщIэкIа усэхэр щIыхубэм я деж нэхъэсыным, тхылъеджэхэм ягу нэсыным мыхьэнэ ин иIэщ. Быдэу си фIэщ мэхъу усэ къыхэхахэр щызэхуэхьэса «Антология поэзии народов России» къыдэкIыгъуэм Урысейм и лъэпкъ литературэхэр хъумэныжьрэ абы зегъэужьыныжьрэ хэлъхьэныгъэфI хуищIыну, ар куэдым щIэщыгъуэ ящыхьуну», - щетх УФ-м и Президент Путин Владимир тхылъым хуищIа пэублэ псалъэм.

УФ-м и щIыналъэхэм литературэм, тхылъыщIэхэмрэ тхылъеджэхэмрэ зыщегъэужьыным и дэIэпыкъуэгъуэ щIэ къызэгъэпэщакIуэ комитетым и унафэщIыр Нарышкин Сергейщ. Тхылъ щхьэпэм и федеральнэ редакцэ советым хагъэхьащ Тхьэгъэзит Юрий, Беппаев МутIэлип (Къэбэрдей-Балъкъэр), Мэшбашэ Исхьэкъ (Адыгей), Тхьэгъэпсо Увжыкъуэ (Къэрэшей-Шэрджэс). Апхуэдэу лъэпкъыбзэхэмкIэ щIыналъэхэм къыщызэрагъэпэща редакцэ совет щхьэхуэхэм ди щIыналъэм щыщу хэтащ Абазэ Албэч, Ацкъан Руслан, Бицу Анатолэ, БакIуу Хьанджэрий, Гъут Iэдэм, Мыкъуэжь Анатолэ, Тхьэгъэзит Юрий сымэ.

Усыгъэм дихьэхэм ягу дыхьэну, напэкIуэцI 565-рэ зи Iувагъ мы антологием щызэхуэхьэсащ Урысейм ис лъэпкъ 58-м я усакIуэ пажэхэм я усэ къыхэхахэр. Къыхэгъэщыпхъэщ усэхэр тхылъым бзитIкIэ - урысыбзэрэ лъэпкъыбзэкIэ - зэрихуар. КъыдэкIыгъуэм и щхьэхуэныгъэхэм ящыщщ ноби зи къалэмыпэр лъэщу зыгъабзэ, зыщыщ лъэпкъым и литературэр гъэбеиным хэлъхьэныгъэфIэр хуэзыщI, абы зегъэужьыным жыджэру хуэлажьэхэм я усэхэр тхылъым зэрихуар. Адыгэ усакIуэхэр Тхьэгъэзит Зубер, Уэрэзей Афлик, Жылэтеж Сэлэдин, Бицу Анатолэ, Къанкъуэ Заринэ сымэ я IэдакъэщIэкIэр антологием хагъэхьащ. Тхылъым и кIэм къыщыбгъэтынущ абы зи усэ итхэм ятеуха тхыгъэ кIэщIэхэр.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● Бахъсэн щIыналъэ

Япэ къуажэ спартакиадэ

«Вымпел» спорт клубым иджыблагъэ щекIуэкIащ «Ислъэмейм и щIалэгъуалэр терроризмэмрэ наркотикымрэ» я бийщ къыхуеджэныгъэм щIэт япэ къуажэ спартакиадэ.



- ДЭ ДЫХУЕЙЩ нобэрей зэпеуэныгъэхэр щIэдзапIэ яхуэхъуну ижьижьыж лъандэрэ къыддекIуэкI спорт зэхьэзэхуэхэр, ди лъэпкъым и щэнхабзэ щIэныр къэгъэщIэрэщIэжьным, - къыхигъащащ спартакиадэр къыщызэIуихым Ислъэмей къуажэм и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Ахьы Аслъэнбэч**.

Япэ къуажэ спартакиадэм и хьэщIэ лъапIэщ хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуздэз **Къардэн Мурат**, УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и IэхуэхэмкIэ и министрым и дзэпыкъуэгъу **Къунижь МуIэед**, Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэм и къалэнхэр зыгъэзащIэ **Къанэмэт Рустам**, Бахъсэн къалэ округым и администрацэм и Iэтащхьэ **Мамхэгъ Хьэчим**, КъБР-м спортымкIэ и министрым и къуздэз **Хэжь Заур**, республикэм и Парламентым и депутат **Мэремыкъуэ Арсен**, Бахъсэн районым и прокурор **Бэшорэ Аслъэн**, Бахъсэн районым щыIэ Следственнэ комитетым и унафэщI **Бэрэгъун Олег**, Бахъсэн къалэм, Бахъсэн, Дзэлыкъэ районхэм я дзэ комиссариатым и къудамэм и унафэщI **Сосналы Мухьэмэд**, Бахъсэн щIыналъэм хьыхь къуажэхэм я Iэтащхьэхэр.

- Нобэ Бахъсэн районым щыдогъэкIуэкI япэ къуажэ спартакиадэ. Куэд къызрихьэлIэ мыпхуэдэ Iуэхугъуэхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ щIыналъэм и цIыхухэм, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм, папщIэ, - жиIащ **Къанэмэт Рустам**. - Спартакиадэм и мыхьэнэр нэхъ лъэщыр зэхэгъэкIыным и закъуэкIым, атIэ щIыпIэм щыпсэу хэр зэрыгъэщIэнырщ, зэкъуэгъэувэнырщ. Ар хабзэ дахэ тхуэхъуну сыщогугъ.

Бахъсэн районым и щIыпIэ администрацэм и пресс-Iуэхущ IапIэм хъыбар къызэрыдигъащIамкIэ, зэхьэзэхуэр къызэIуахащ Бещтокъуэ Азэмэт и зыкъэгъэльэгъуэныгъэмкIэ. Абы минихрэ щитхуэм щIигъуркIэ щIым Iэпщэкl Iэ зыкъытриIэтыкIащ икIи рекорд игъуващ. А Iуэхугъуэм, дауи, куэд дихьэхащ.

Жэщыбг хуэхуркIэ екIуэкIащ зэпеуэхэр. Абы хэта цIыху 380-м щIигъур зэхьэзэхуащ гырэ къэIэтынымкIэ, бэнэкIэ хуитымкIэ, армстрелингымкIэ, турникым зыщIэIэтэнымкIэ, кIэпсэкIэ зэпекъымыкIэ.

Нэхъыжьхэми пщIэ лъагэ хуащIащ. Ахэр Iэтауэ игъэльэпIащ икIи нэгуэныжь концерт ирагъэльэгъуащ.

Ислъэмей къуажэм и курыт еджапIэ N°4-м щызэхэтащ армэ дэкIыгъуэм зыщыхуагъэхьэзыр район зэхьэзэхуэр. Абы кърихьэлIат ебгъуанэ - епщыкIуэнэ классхэм щIэсхэр къыщIэзыубыдэ командэ 20. Турникым зыщIэIэтэнымкIэ, гранатэ дзынымкIэ, метр 1000 къэжьымкIэ ныбжьыщIэхэр зэхьэзэхуащ.

Гуп зэпеуэм бжьыпэр щаубыдащ Къулъкъужьи Ипщэ курыт школ N°1-м и еджакIуэхэм. Абыхэм къакIэлъокIуэ Къубэ-Табэ къуажэм и курыт еджапIэ N°1-м къикIахэр. Ещанэ увыпIэр зыIэрагъэхьащ Къулъкъужьи Ищхъэрэ и курыт еджапIэ N°3-м щеджэжьи.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыубыда Къулъкъужьи Ипщэм и еджакIуэхэм Iэмал ягуэтащ республикэпсо зэхьэзэхуэм хэтыну.

ХЬЭТАУ Ислъам.

● ЩIэ

Бжыгъэхэм хуоплъэ

КъБР-м Экономикэ зыужьныгъэмкIэ и министерствэм Электрон Iуэхутхьэбзэмрэ IэмалхэмкIэ и департаментым и унафэщI Чочаевэ Мадинэ хэтащ жэпуэгъуэм и 11-14-хэм Сочэ щекIуэкIа «Взгляд в цифровое будущее» урысейпсо конференцым.

ДОКIЛАД купщIафIэхэр щащIу зэIущIэм къыщыпсэльащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкlэ и Советым, Президентым и Администрацэм, Связьмрэ цIыхубэ коммуникацэхэмкIэ, Экономикэ зыужьныгъэмкIэ министерствэхэм, «Ростелеком» ПАО-м, инноваци унэтIныгъэхэмкIэ жэуап зыхь Iэнатlэхэм я лIыкIуэхэр.

Бжыгъэм и Iэмалхэр и лъабжьэу жылагъуэмрэ экономикэмрэ зэзауэжьынум ехьэлIа я гупсысэхэмкIэ къыздэхуэсахэр щызэдзэгуэшащ зэIущIэм къыщыззрагъэпэща «стIол хъурейхэм». Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм къалэн щащIащ а унэтIныгъэхэм гупльытэ хэха хуащIну. Псом япэрауэ ар ехьэлIащ узыншагъэр хъумэныкIэ, къэрал, муниципальнэ управленэмкIэ, егъэджэныгъэмкIэ Iэнатlэхэм информационно-телекоммуникацэ технологиехэр къыщыгъэсэбэпыным.

Щ1ыналъэхэм информатизацэм зэрызыщиужьам и рейтингыр зэIущIэм къыщагъэнэIуащ. Абы къызэриГъэльагъуэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iуэхугъэ елъытауэ ефIэкIуащ икIи 79-нэ увыпIэм икIри ди республикэр 43-м нэс дэкIуэтеящ. Кавказ Ищхъэрэм и субъектхэм ящыщу ар нэхъыфI дыдэщ (Ставрополь край - 52-нэ, Осетие Ищхъэрэ-Алание - 72-нэ, Дагъыстэн - 75-нэ, Ингуш - 76-нэ, Къэрэшей-Шэрджэс - 77-нэ, Шэшэн - 82-нэ увыпIэ).

КЪАНЩАУЭ Пщымахуэ.

Мы махуэхэм

Жэпуэгъуэм и 21, щIэбэт

♦Мыэрысэм и махуэр Инджылызым щагъэлъапIэ

♦1520 гъэм Португалием щыщ зыплъыхьакIуэ Магеллан Фернан хы Щэхумрэ Атлантикэ хымрэ я псыдэжьыпIэр къихутащ, иужькIэ абы езым и цIэр фIащыжащ.

♦1899 гъэм Владивосток къыщызэIуахащ Къуэкlыпlэ институтыр, иджыпсту ар Къуэкlыпlэ жыжьэ федеральнэ университетыращ.

♦1935 гъэм Германиер Лъэпкъэм я Лигэм къыхэкIыжащ.

♦1945 гъэм Франджым цIыхубзхэми хэхьыныгъэхэм Iэ щаIэтыну япэу хуит щащIащ.

♦1958 гъэм Инджылызым и Парламентым и лорд палатэм япэу цIыхубз хахащ.

♦1994 гъэм Къэрал Думэм УФ-м и Граждан кодексыр къыщIащ.

♦1994 гъэм Урысей телевиденэм и академием илъэс къэс ятыну «ТЭФИ» саугъэтыр игъэуващ.

♦1997 гъэм Солженицын Александр и цIэр зезыхьэ литературэ саугъэтыр ягъэуващ.

♦1997 гъэм Къэзахъстаным и президент Назарбаев Нурсулътlан Iэ щIидзащ къэралым и къалащхьэщIэу Акмола къалэр къызэрыхахам теуху унафэм. ИужькIэ абы и цIэр Астана жиIэу зэрахъуэкIащ.

♦2010 гъэм Собянин Сергей Москва къалэм и Iэтащхьэу ягъэуващ.

♦Швецием щыщ химик, инженер, динамитыр къэзыгупсыса, езым и цIэр зезыхьэ саугъэтыр зыгъэува **Нобель Альфред** къызэралъхуэр илъэси 184-рэ ирокъу.

♦Актрисэ, Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и артисткэ **Санаевэ Елен э** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Израильм и премьер-министр **Нетаньяху Биньямин** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Кинорежиссёр, актёр, продюсер, РСФСР-м и цIыхубэ артист, «Хэкум и пащхьэ щIиIэ фIыщIэхэм папщIэ» орденым и нагъыщэ псори зрата **Михалков Никитэ** и ныбжьыр илъэс 72-рэ ирокъу.

♦Физик цIэрыIуэ, Нобель и саугъэтыр зыхуагъэфэща, Налшык дэт курыт школ N°3-р дыщэ медалкIэ къэзыуха **Гейм Андрей** и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокъу.

♦УФ-м щIыхь зиIэ и дохутыр **КIуэкIуэ Аслъэн** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 19, жэщым градуси 8 - 10 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 22, тхьэмахуэ

♦Щыпсалъэкlэ зэIынэ сабийхэм я дунейпсо махуэщ

♦Тхылъымпlэр зэгъэзэхуэным и дунейпсо махуэщ

♦1612 гъэм Минин Кузьма, Пожарский Дмитрий, Черкасскэ Дмитрий сымэ зи пашэ урысыдзэм лыхьэр Москва дахужащ.

♦1721 гъэм Урыс сенатым пащтыхьыцIэр игъэкIуэдыжри, **Пётр Езанэр** Урысейм и император ищIащ.

♦1730 гъэм Ладогэ псыдэжьпIэр къызэIуахащ.

♦1883 гъэм Нью-Йорк къыщызэIуахащ дунейм и театр нэхъ ин дыдэхэм ящыщ зыр - Метрополитен-опера жиIуиIэр.

♦1938 гъэм США-м щыщ къэхутакIуэ Карлсон Честер дунейм щыяпэу ксерокопие зэращI Iэмэпсымэр зэпхъурилъхьащ.

♦1941 гъэм СССР-м ЗыхъумэжныгъэмкIэ и къэрал комитетым унафэ кIыщтащ зыхъумэжныгъэмкIэ къалэ комитетхэр Севастополь, Сталинград, Тулэ, Ростов, Курск - псори зэхэту къалэ 46-м къыщызэрагъэпэщыну.

♦1962 гъэм щIидзащ тхыдэм «Карибскэ кризис» жиIэу хыхьа, США-мрэ СССР-мрэ яку къыдэхъуа зэпэщIэтныгъэм. Ар къызытехьеикIар Совет Союзым и дзэхэр Кубэм игъэкIуауэ, и Iэщэхэр, ядернэхэри ихэту, иригъэшауэ зэрыщытаращ.

♦1990 гъэм Горький къалэм и пасэрей цIэр - Новгород Ищхъэрэр - игъуэтыжащ. Къалэм и лъабжьэр 1221 гъэм ягъэтIылъауэ щытащ.

♦Мэжэр (венгр) музыкант, композитор цIэрыIуэ **Лист Ференц** къызэралъхуэр илъэс 206-рэ ирокъу.

♦Адыгэ узэщIакIуэ цIэрыIуэ **ХьэтIохъущокъуэ Къазий** къызэралъхуэр илъэси 176-рэ ирокъу.

♦Франджы актрисэ цIэрыIуэ **Бернар Сарэ** къызэралъхуэр илъэси 173-рэ ирокъу.

♦Урысей тхакIуэшхэ, Нобель и саугъэтым и лауреат **Бунин Иван** къызэралъхуэр илъэси 147-рэ ирокъу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, УФ-м и цIыхубэ артист **Мишулин Спартак** къызэралъхуэр илъэс 91-рэ ирокъу.

♦КъБР-м и цIыхубэ тхакIуэ, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыкIэ зиIэ и лэжьакIуэ **Къэрмокъуэ Мухьэмэд** къызэралъхуэр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Футболист, гъуащхьэтет, Олимп джэгуэхэм я чемпион **Яшин Лев** къызэралъхуэр илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор, КъБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Уэлъдыр Мушэхьид** и ныбжьыр илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Франджы актрисэ, дунейпсо кинематографым и вагъуэу къалытIэ **Денёв Катрин** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 15 - 16, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

Жэпуэгъуэм и 23, блыщхьэ

♦Мэжэрым (Венгриеи) щагъэлъапIэ Республикэм и махуэр

♦1914 гъэм Япэ дунейпсо зауэм инджылызхэм къыщагъэсэбэпат зи калибрыр мм 457-рэ хъу топ. Абы тонни 127-рэ и хьэльагъэр.

♦1914 гъэм Москва Щукиным и цIэр зезыхьэ театральнэ училищэр къыщызэIуахащ.

♦1946 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм и япэ зэхуэсыр екIуэкIащ.

♦1953 гъэм Сахаров Андрей СССР-м щIэныгъэхэмкIэ и академием и действительнэ члену хахащ.

♦1995 гъэм Инджылызым щыщ дохутыр Уэстеби Стивен цIыхугум и пIэкIэ токкIэ лажьэ гу япэу ирилъхьат.

♦Урысей император **Пётр ЕтIуанэр** къызэралъхуэр илъэс 302-рэ ирокъу.

♦Италием щыщ сабий тхакIуэ цIэрыIуэ **Родари Джанни** къызэралъхуэр илъэс 97-рэ ирокъу.

♦Совет композитор, уэрэдус, УФ-м и цIыхубэ артист **Саульский Юрий** къызэралъхуэр илъэс 89-рэ ирокъу.

♦Бразилием щыщ футболист цIэрыIуэ, дунейм и чемпион щэнейрэ хъуа **Пеле** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 8, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬэКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Нэхъыжь нэмыс, нэхъыщIэ насып.

● КъБР-м щыIэ МВД-м къет

Мывэ зэрызэгуах Iэмэпсымэри ядыгъу

Урысей МВД-м и Управленэу Налшык къалэм щыIэм жэпуэгъуэм и 17-м тхьэусыхэну кIуа цIыхухъум зэрыжиIамкIэ, абы фIадыгъуащ мывэ зэрызэгуах Iэмэпсымэ, сом мин 45-рэ и уасэу.

ПОЛИЦЭМ и участкэвэ уполномоченнэхэм яубыдащ шэч зыхуащIыр. Ар нэхъапэми суд зытращIыхьа илъэс 32-рэ зи ныбжь щIалэщ, Дагъыстэн Республикэм щыщу.

ЦIыхухъэм зиумысыжащ. Уголовнэ Iэхуу къаIэтащ.

Наркотикхэр ищэрт

2017 гъэм жэпуэгъуэм и 16-м КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэм кIэлъыплъыныкIэ и IэнатIэмрэ Урысей ФСБ-м и Управленэу КъБР-м щыIэмрэ я лэжьакIуэхэм Налшык къалэ, Нэхущ Мырзэбэч и уэрамым тет унэхэм ящыщ зым и къат дэкIуеипIэм, наркотик гъэпщкIупIэ къыщыдзэригъэпэщу яубыдащ щыхьэрым щыпсэу цIыхухъур.

ИлЪЭС 50 зи ныбжь, мызэ-мытIэу суд зытращIыхьа, административнэ кIэлъыплъыныгъэм щIэт цIыхухъур къыщащым къыкъуахащ пкъыгъуэ хужь зэрылъ пакетитI. А унэ дыдэм нэхъапэкIэ щащIа гъэпщкIупIэхэм абы ещхь пакетитI къыщагъэутащ. Шэч зыхуащIыр къызэрыкIуа автомашинэр къыщащым, хабзэхъумэхэм аргуэру пакетиплI къытрахащ.

Экспертхэм къызэралъытамкIэ, къытрахар грамм 15 хъу героин наркотикхэкIщ.

ЦIыхухъур яубыдащ. Уголовнэ Iэхуу къаIэтащ.

★★★★★★★★★★★★★★★ КЪАНЫКЪУЭ-ФЫРЭ Анфисэ

Адыгэ тхыдэм и гъуэгуанэ кІыхьыр

Сулеймэн Гъуэзэджэ сулъТІэныр

Къанокъуэ Махъидевран

(КІэухыр.
ПэщІэдзэр №№200-201-хэм итщ).

Уэсмэн къэралыгъуэм и адыгэ анэхэр

XV-XIX лІэщІыгъуэхэм я тхыдэм къыхэзрихъущьжьмкІэ, Уэсмэн къэралыгъуэмрэ адыгэхэмрэ Іуэху куэдкІэ зэпыщІауэ щытащ. Гъэрыпіэ ихуарэ, щхьэхуимыт бззэрым къыщащэхуа пщащэхэр тырку сулъТІаным и гаремым къызэрыщыхутэу щытам я закъуэ мыхъуу, зауэ-политикэ зэгурыІуэныгъэхэр зэрыщагъэбыдэ Іэмалу адыгэ пщащэхэм ящыщхэр сулъТІаным щхьэгъусэу щишэм и щапхъэ куэд къыхощыж ди блэкІам. Псалъэм папщІэ, Суле́ймэн Гъуэзэджэм и анэ, Сэлим Шынагъуэм и щхьэгъусэ Хьэфсэ сулъТІан гуащэр адыгэ щылъхут. Пэжщ, языныкъуэ тхылъхэм Менгли-Джэрий ипхъу Хьэфсэ тэтэру щытауэ ятхыж, ауэ абы и анэр адыгэт. А зэман жыжьэм псэуэ тхыдэтхэжм къызэрагъэпытагъэмкІэ, «тэтэру жьихуаІэ гуащэм адыгэ теплъэт иІэр».

Сэлим сулъТІаным и унафэр Къафэ (Феодосие) щІэныгъэзащІэ, абы и къуэ Суле́ймэн адыгэ мамлюкхэр игъэныбжьыгъэрт икІи адыгэхэм я тхыдэр кууэ иджу щытауэ жаІэж. Суле́ймэн и жагъуэт Сэлим адыгэ мамлюкхэр игъэкІуэдыну зэрыхущІэкъур, и адэм пэщІэмыцвэфми. Къыхэгъэщыпхъэщ, Мысырым щыпсэу шэрджэсхэр игъэбийми, Адыгэ Хэкум щыІэ адыгэхэр Сэлим игъэныбжьыгъуу зэрыщытар.

И адэм хуэдэу, Суле́ймэн Гъуэзэджэм и пІэ щхьэгъусэу щытар адыгэщ - бесльэней пщы лакъуэ Къаноокъуэхэ ящыщ пщащэщ. ЦІыхубзым и адыгэцІэр зыщІыпІи къыщыхэщыжырхьми, ауэ ар Къаноокъуэ Мэхъуэщокъуэ и шыпхъу нэхъыщІэу щытащ икІи илъэс 15-м иту Суле́ймэн иратри, Махъидевран (Гюлбахар) цІэ дахэр къыхуагъэфэщат. ЗэратхыжьмкІэ, дахагъэкІэ Махъидевран къефІэкІын бзыпхъугъэ а пхъэхэнэм щыпсэуакъым дуней псом. Махъидевран сулъТІаным хуигъэта Мустэфа гъэсауэ, щэныфІэу, цІыху Іущу, зэтету, хьэл дахэ хэлъу щытауэ ятхыж икІи тетыгъуэр зыхуагъэтІыгъуэри ар. Ауэ Суле́ймэн и етІуанэ щхьэгъусэ, урыс цІыхубз Хуррем (Роксоланэ) бзыпхъугъэ а пхъэхэнэм щыпсэуакъым дуней псом. Махъидевран сулъТІаным хуигъэта Мустэфа гъэсауэ, щэныфІэу, цІыху Іущу, зэтету, хьэл дахэ хэлъу щытауэ ятхыж икІи тетыгъуэр зыхуагъэтІыгъуэри ар. Ауэ Суле́ймэн и етІуанэ щхьэгъусэ, урыс цІыхубз Хуррем (Роксоланэ) бзыпхъугъэ а пхъэхэнэм щыпсэуакъым дуней псом. Махъидевран сулъТІаным хуигъэта Мустэфа гъэсауэ, щэныфІэу, цІыху Іущу, зэтету, хьэл дахэ хэлъу щытауэ ятхыж икІи тетыгъуэр зыхуагъэтІыгъуэри ар. Ауэ Суле́ймэн и етІуанэ щхьэгъусэ, урыс цІыхубз Хуррем (Роксоланэ) щІэныгъэщхьэ, къыщІэкІыр, Мустэфа и адэм хьэпэщІэува хуэдэу ар и фІэщ ищІри, 1553 гъэм сулъТІаным и унафэкІэ щІалэр яуклащ. Къыхэгъэщыпхъэщ а зэманым къеклуэкІыу щта хабзэмкІэ, тетыгъуэр къызыІыса шахзадем къыдалъхуа и къэушэхэр хьэрхуэрэгъу къыхуэмыхъун папщІэ, ахэр иригъэукІыжу зэрыщытар. Хуррем къуиплІ иІэт, Мустэфа тетыгъуэр къыІытысмэ, и щалэхэр яуклІынкІэ шынэрти, япэ зригъэщри, Мустэфа и адэм иригъэукІыжыну ирихулІауэ арат.

Махъидевран Суле́ймэн фІыщэу къыльатэуэ, и щхьэгъусэхэм къахигъэщхьэхуКІыу, и къуэ Мустэфа зыпищІыни щымЫэу псэуащ, Хуррем я зэхуаку дыхьэху. Урыс пщащэр гаремым къыщыхута нэужьщ зэлІэзфызым я Іуэхур щызэІыхьар. Ар Махъидевран игу техуакъым икІи зэрыхуэ щытыкІэр Хуррем хуимыгъэгъуфу, псэуху зэбийуэ, зэмызэгъыу, зыр зым зэран хуэхъуу я гъащІэр яхьащ.

Хьэфсэ сулъТІаным и гаремым и унафэщІу щытащ псэуху. Абы и щхьэм лъы дэуейри, зэман кІэщІкІэ ирисымэджауэ дунейм ехыжа нэужь, гаремым и унафэр Махъидевран къыІытысащ. Гаремым щІэс бзылъхугъэхэр зыхуэй хуэзэу, зыщыщІэ щымыІэу, тырку сулъТІаным и фызхэр зэрыкъулеймрэ зэрыдахэмрэ и хъыбар дуней псом щигъэІуу адыгэ цІыхубзым зэрихьэрт и Іуэхур. Абдежми Хуррем зэран хъущ. И тІуанэм гаремым кІыгъэщІэрэщІэн Іуэхуклэ щыхуэшхуэ къыззэрытехуар, и кІалэнхэм зэрыпэмыльэщІу сулъТІаныр деж нигъэсыкри, Суле́ймэн Махъидевран и къулыкъум триГъэкІащ икІи и къуэр щыгъуу Манисэ къалэм игъэкІуэуэ щытащ. Абы иужькІэ, езы Хуррем къыпІысащ гаремым и унафэр.

Махъидевран и къуэри, и къуэрылъху заКъуэри яуклІа нэужь, гуауэр хуэмыхьыжу и нысэми зиуклІжри, зы унэІут закъуэ фІэкІа имыІэжу, щІыхуэшхуэ къытехуауэ, и бадапІэхэри, мылъкури трахыжауэ утыку къинауэ щытащ. ПщІэи щхьэи имыІэжу псэуащ адыгэ цІыхубзыр илъэс куэдкІэ. Ауэ, Хуррем и къуэ Селим ЕтІуанэм тетыгъуэр къыпІысауэ нэужь, Махъидевран и щІыхуэхэр зэрыщыгъу хуипшынщ, быдапІэрэ зыхуэныкъуэм хуэдиз унэІутрэ иритри, псэуху зыхуэй хуигъазэу и нэІэ щІэтащ. Махъидевран дунейм щехьжам илъэс 81-рэ хъурт икІи Суле́ймэни Хурреми, абыхэм я бынхэми я нэхъыбэрэ псэуащ.

Адыгэ бзыпхъугъэхэр узынщэт, дахэт, гъэсат, пагагъэмрэ щІыхьымрэ я лъэм хэтти, апхуэдэхэм бын узынщэ къащІэхъуэу къалъытэрт. Абыхэм щІалэ цІыкІухэр хахуэу, хъыджэбзхэр щынэфІэу ягъасэрт. КІэщІу жыпІэмэ, сулъТІаным и лъэпкъыр езыгъэфІэкІуэн щІэблэ узынщэ хуащІырт. Арат пщІэшхуэ къыщІыхуащІри.

Сулъ́ТІан Ахьмэд Ёзанэм (1603 - 1617 гъэхэм тетащ) и япэ щхьэгъусэри - Махъфейруз - адыгэт. А тІум зэдагъэтэ щІалэр - Уэсмэн ЕтІуанэр - 1618 - 1622 гъэхэм тырку сулъТІаныр щытащ. Ахьмэд сулъТІаныр зекІуэ щыІэу яуклІауэ ягъэІущ, абы и къуэш, акъылкІэ мыхъуншэ шахзаде Мустэфа Ёзанэм тетыгъуэр иратын мурадкІэ гаремым зэрыхьэзрий къыщыхьейри, Махъфейруз абы хэкІуэдауэ щытащ. Уэсмэн сабий цІынэу и бгъафэм щІэкъуэзауэ зызыгъэпщкІуа цІыхубзыр къагъэтри, яуклауэ, лІыукІым щІалэ цІыкІуми зытришэщІауэ къыргъэпат. Ахьмэд сулъТІаныр узынщэу, бзыгъэІуныщэу зекІуэм къикІыжри, гаремым бзэныхь хэзыдзахэм я щхьэр пиупщІащ, Уэсмэни сулъТІаным и фыз етІуанэ Кесем иплъжащ. Къыхэгъэщыпхъэщ Ахьмэд и пІэкІэ трагъэувэну я гугъа шахзаде Мустэфа и анэ Хьэлимэ абазэу зэрыщытари.

Уэсмэн къэралыгъуэм и 32-нэ сулъТІан Абдул-Азиз (1861 - 1876) и анэр (МыхьмудЕтІуанэм и фызабэр) къэбэрдейт. «Бгырыс депутатхэм сулъТІаным и уардэунэм лъагъуэ къыхуащІащ, гаремым щыІэ адыгэ пщащэхэм я фІыгъэкІи Абдул-Азиз и анэри я тепъхьэ щыІыфащ. Гуащэм и пІэпкъэгъуэр фІы дыдэу елъагъу икІи дэтхэнэ зыми зыщІигъэкъуэну и кьалэну кьелъытэ», - етх а зэманым Урысейм и лІыкІуэу Истамбул щыІам. Езы Абдул-Азиз и щхьэгъусэр шапсигьт, и гуащэм хуэдэу, и пІэпкъэгъуэхэм я телъхьэти, а зэманым ирихьэлІэу Уэсмэн къэралыгъуэм адыгэхэр щыкуэд хъуат.

Мыхьмуд сулъТІан (1838 - 1861) и къуэ нэхъыжь Абдул-Мэжид къэзылъхуар адыгэ бзыпхъугъат. Абдул-Мэжид къухьэпІэ щІэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ иратати, франджыбзэкІэ тха газетхэр тыркубзэкІэ хэзридзэкІыурэ и анэм къыхуеджэу щытауэ ятхыж тхыдэтхэжм. Бзэмы-Аллэм зи цІэу щыта адыгэ гуащэм и къуэхэм я гаремыр адыгэ пщащэ защІэкІэ къызэригъэпэщу щытауэ жаІэ.

Черкасскэхэм я лъэхъэнэр

Адыгэ Хэкум щыпсэуа пщышхуэхэмрэ лІыхъужьхэмрэ уатепсэлъыхьмэ, къызэгъэщыпхъэщ къэбэрдей, беслъэней, кІэмыргуей, хьэтыкъуей уэркъ лакъуэхэр къызытехъукІыжа Инал Нэху (XIV лІэщІыгъуэм и кІэхэм - XV лІэщІыгъуэм и пэхэм). Нобэ дызыщыгъуаэз адыгэ щэнхабзэм, хабзэм, пщыгъуэм, уэркъыгъэм я зэхэлъыкІэр зыубзыхуар, адыгэ пхъэкъыр зы унафэрэ жыпхъэрэ изыгъэзываэу щытар Инал Нэхущ. Абы хуэзфІэкІащ цІыкІу-цІыкІуу зэбгрыдза адыгэ-абазэ пхъэкъэр зэрипхыу, зы къэралыгъуэшхуэ къигъэунэхуну. ЦІыхухэм лей къатемыхъэу, щхьэж къыпхыс щІыпІэр иригъэфІакІуэу щыпсэуну Іэмал яритырт пщышхуэм, ауэ абы и унафэм къемыдаІуэхэр, къыпэщІыуэвэхэр, зэщІэзыгъэстхэр къарукІэ игъэсабырыжу, Іэлхэр лъэныкъуэ иригъэзу дунейм тетащ ар.

Инал Нэху цІыхухэм фІыуэ къалъагъурт, пщІэ хуащІырт, Инал Іущкіэ еджэрт. А лъагъуныгъэри нэхъыбэ щыхъуар нэгъуэщІ пІэпкъ къыхэкІа, и адэжьхэм къакІэлъыкІуа цІыхухэм адыгэбзэмрэ адыгэ хабзэмрэ къаригъащтэу, адыгэу залъытэжу хъуа нэужьщ.

ПщышхуэМ щэ фыз кьишат. Ябыныкъуэ тхыдэджхэм зэрыжаІэмкІэ, къуитху иІащ пщышхуэм. Ябэрей щхьэгъусэм Жанхъуэт къыхуилъхуат, етІуанэм - Минболэтрэ Беслъэнрэ, ещанэм - Унэрмэсрэ Къэрмыщрэ. Пщым и къуэхэр, адыгэ хабзэм тету, уэркъхэм къану яритри, яригъэпІащ. НэгъуэщІ щІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, Инал къуитщ иІар - Тобылэрэ Беслъэнрэ, Унэрмэси, Къэрмыщи, Минболэти, Жанхъуэти абы и къэзрылъхуу арат.

Иужьыуэкіэ, XVI лІэщІыгъуэм, Къэбэрдейм Урысейр дамэгъу къыхуэхъуа нэужь, урыс пащтыхьыгъуэм къулыкъу хуэзыщІа, а лъэхъэнэм цІыху нэхъ лъэрызехьэу, нэхъ къулей дыдэу, нэхъ зэфІэкІ зиІэу щыта Черкассэ лІакъуэри Инал Нэху и цІэблэщ. Арами, пэжыр пэжщ, Инал Нэху и бынми, абы-хэм я быныжми зы щІалэ къахэкІакъым пщышхуэм къыззэригъэпэща къэралыгъуэр ихьумэну, иригъэфІэкІуэну, зригъэужьыну. ТхыдэджхэмЗ зэрыжаІэмкІэ, Инал дунейм ехыжа нэужь, пщым къыщІэна щІыналъэмрэ мылъкумрэ зэкъуэшхэм зэхуагуэшыжщ, щхьэж къыпІысым езым и цІэр лъэпкъыщІэу фІищыжри (кІэмыргуей, беслъэней, къэбэрдей), уэркъ лакъуэу забжьыжу зэбгрыкІыжащ, зэгурымыІуэмрэ ззэауэмрэ пищэжащ.

Инал Нэху и щІэблэу Адыгэ Хэкур зезыхьа пщышхуэхэр:

- Инал Нэху и тетыгъуэр (1427 - 1453)
- Инал и къуэ Тобылэ (1453 - 1465)
- Тобылэ и къуэ Жанхъуэт (1465 - 1483)
- Тобылэ и къуэ Инэрмэс (1483 - 1498)
- Жанхъуэт и къуэ Беслъэн (1498 - 1525)
- Инэрмэс и къуэ Идар (1525 - 1540)
- Беслъэн и къуэ Къейтыкъуэ (1540 - 1554)
- Идар и къуэ КІэмыргуокъуэ (1554 - 1571)
- Къейтыкъуэ и къуэ ПщыапщокъуэМ (1571 - 1578)
- Идар и къуэ Хъамболэт (1578 - 1589)
- Къетыкъуэ и къуэ Асльэнбэч (1589)
- Къетыкъуэ и къуэ Жансэхъу (1589)
- Къетыкъуэ и къуэ Къетыкъуэ (1589 - 1609)
- Тепщэрыкъуэ и къуэ Щолэхъу (1609 - 1616)
- Къамболэт и къуэ Къудзнет (1616 - 1624)
- Щоджэныкъуэ и къуэ Алыджыкъуэ (1624 - 1654)
- Къазий и къуэ ХьэтІэхъущыкъуэ (1654 - 1672)
- Къазий и къуэ Мысост (1672 - 1695)
- ХьэтІохъущокъуэ Къазий и къуэ Кургъуокъуэ (1695 - 1710)
- Мысост и къуэ ХьэтІэхъущыкъуэ (1710 - 1721)
- Мысост и къуэ Исльамбэч (1721 - 1732)
- Бэчмырзэ и къуэ Тэтэрхъан (1732 - 1737)
- Къетыкъуэ и къуэ Асльэнбэч (1737 - 1746)
- Джамболэт и къуэ Бэтокъуэ (1746 - 1749)
- ХьэтІохъущокъуэ Кьасей и къуэ Бомэт (Мухьэмэд) (1749 - 1762)
- ХьэтІохъущокъуэ Кьасей (1762 - 1773)
- Тэтэрхъан и къуэ Жанхъуэт (1773 - 1785)
- ХьэтІохъущокъуэ Бомэт и къуэ Мысост (1785 - 1788)
- Хьэмырзэ и къуэ ХьэтІэхъущыкъуэ (1788 - 1806)
- ХьэтІохъущокъуэ ХьэтІэхъущыкъуэ (1809)
- Жанхъуэт и къуэ Кушыку (1809 - 1822)

Тхыдэр щыхьэт тохъуэ Инал пщышхуэм и зэман лъандэрэ Адыгэ Хэкур зэрыпхъуакІуэхэм зэрамыгъэтыншам. Абы щыгъуэ Инал Нэхум адыгэхэр зэгуигъэхьэу, бийхэр зыфІэлІыкІ къэралыгъуэ лъэщ иухуам, пщышхуэм и къуэрылъху Идар Темрыкъуэ и зэманым адыгэпщхэр зэныкъуэкъуу, зэщыхьэжауэ утыку кьинат.

А зэман жьжьэм, XVI лІэщІыгъуэм, Къэбэрдейр Джылахьстэнейрэ (Къэбэрдей ЦІыкІу) Къэбэрдеишхуэу зэхэщхьэхукІа хъуат. Къэбэрдеишхуэм Кьетыкъуэрэ абы и къуэхэмрэ щытепщэт, Къэбэрдей ЦІыкІур Джылахьстэнепщымрэ абы и къуэхэмрэ зэрахьэрт. Кьетыкъуэ и бынхэмрэ Идархэмрэ лъыкІэ зэблагъэми, я зэхуаку зэгурымыІуэныгъэ къыздэхъуэри, Темрыкъуэ я пашэу Идархэр Джылахьстэней щІынальэм Іэпхъуэуэ щытащ.

ПщышхуэУ Іэнатіэр къыІытыса нэужь, псэзэпылъхьэпІэ щихуэм, зы хэкІыпІэ закъуэщ Темрыкъуэ къыхуэнэжар - къыщхьэщыжьыкІ, къыздэІэпыкъуэн, бийхэм ящызыхъумэн гуэр дамэгъу къыщІыныр.

Зи благъэр жагъуэгъу зыхуэхъужа пщышхуэм зэрызыхуэмыхьумэжынур къыщыгурыІуэм, урыс пащтыхь Иван Грозным деж япэ лІыкІуэр игъэкІуащ, дамэгъу къыхуэхъуну, кърым-тэтэрхэм ящихьумэну щІэпэІуэ.

1557 гъэм абы и лІыкІуэхэр етІуанэу Мэкхуу щигъэкІуам щыгъуэ Темрыкъуэ илъэс щэ ныкъуэм щхьэдэхауэ, лІыку ныбжьым зэритам шэч хэлъкъым: и къуэхэр балигъ хъуат, ипхъу нэхъыжьитІыр лІы дэкІуат. Урысейм Къэбэрдеймрэ зэращІыпІэ зауэ зэгурыІуэныгъэм и щІыхьэту, Темрыкъуэ и къуэ СулъТІан Москва къыщынащ, чристэн диныр къищтэри, Черкасский Михаил цІэр къыфІащыжащ.

1560 гъэм урыс пащтыхьым и щхьэгъусэ Анастасие дунейм ехьжащ. Грозный Иван етІуанэу фыз къишэжыну щытегушхуэм, къэрал зыбжанэм лІыкІуэхэр игъэкІуащ, ауэ къэбэрдеипщ Идар Темрыкъуэ ипхъу нэхъыщІэ **Гуащэнэт** и гум нэхъ дыхьари, 1561 гъэм пащтыхь лІыкІуэхэмрэ къэбэрдей уэркъхэмрэ зэщІыгъуу Идархэ я пхъур Москва яшащ.

1561 гъэм шышхьэуІум и 21-м Иван ЕплІанэмрэ къэбэрдей пащащэмрэ я нэчыхьыр яткащ. А Іуэхугъэм Темрыкъуэ и Іуэльджым, кьарум хигъэхъущ, и жагъуэгъуэхэм япэщІэтыну нэхъ тынш хъуащ. Сыту жыпІэмэ, Грознэм и щыкъу адэм дзэ къыхуиутІыпщат, и ныкъуэкъуэгъуэхэм япэщІэтынымкІэ къыдэлэпыкъуу.

Къэбэрдей пщышхуэ Идар Темрыкъуэ, и пхъуищым нэмышІ, къуитху иІащ: Думэныкъуэ, Мамсырыкъуэ, Белгъэрыкъуэ, МатІэ, СулъТІан сымэ. Зэшхэм я нэхъ щІэрыІуэр, дауи, Мамсырыкъуэщ. Урысейми Къэбэрдейми я тхыдэм къызэрыхэщыжьымкІэ, Мамсырыкъуэ лІыгъэшхуэ зыхэлъа, Къэбэрдеймрэ Урысеймрэ нэхъри благъэ зэхуэхуным хэлІыфІыхьа дзэпщ, лІыщхьэ щІэрыІуэщ. Абы хуэфэщэн дзэпщу псэуащ и къуэрэ - Черкасский Джитрийр.

Мамсырыкъуэ и къуэ Къанщауэ (иужькІэ Черкасский Дмитрий сыфІащар) 1591 - 1592 гъэхэм къриубыдэу Урысейм КІуауэ жаІэ. НыбжькІэ щІалэ дыдэу Къанщауэ и щІэ игъэІуащ. 1608 гъэм Урысейм граждан зауэр щекІуэкІырт - Шуйский Василийрэ Лжедмитрий ЕтІуанэмрэ властым щхьэкІэ зэзауэрт. Лжедмитрий кІэ ирата нэужь, Къанщауэ щхьэхуитщІыжакІуэ зэщІэхъееныгъэм хэтащ.

1612 гъэм къыщыщІэдзауэ 1634 гъэ пщІондэ Черкасский Дмитрий дзэпщ нэхъ лъэрызехьэ дыдэхэм хабжэу щытащ. Ауэ иужькІэ пащтыхь унафэхэр зэгъэпэщыжьынымкІэ жэуап ихьу, зэІущІэхэмрэ дауэдапщэхэмрэ и нэІэ щІэту, пащтыхьыр къыщытым деж и пІэкІэ Къанщауэ унафэщІу къигъанэу, пщІэрэ щхьэрэ иІэу къьекІуэкІащ.

1558 гъэм Къэбэрдейм икІри, пщышхуэ Темрыкъуэ и къуэхэу **Белгъэрыкъуэрэ СулъТІанрэ** кІуащ урыс пащтыхь Грозный Иван деж, къумыкъупщым щыхъумэну ельэІуну. СулъТІан и лъэІум ипкъ иткІэ, пащтыхьым унафэ ищІащ абы чристэн диныр кьрагъэщтэну, езым и пщІантІэм дэт унэхэм ящыщ зым щыпсэуну. Къыхуагъэува унафэр игъэзащІэу, СулъТІан диныр кьищта нэужь, Михаил цІэр къыфІащащ икІи абы щІэныгъэ ирагъэгъуэту пащтыхьым хуэлэжьэн папщІэ ирагъэждащ.

Белгъэрыкъуэ къыжраІащ шамхалым щызыхъумэн дзэ Къэбэрдейм къагъэкІуэну пащтыхьым унафэ зэрищІар.

Михаил илъэс 19 щыхъуам, Грознэм и унафэкІэ кьрагъэшащ пащтыхьым и щыкъу щІалэ Захарьин-Юрьев Василий и пхъур. Михаил зэрихьа лІыгъэм, бгъэдэлъа кьарумрэ акъылымрэ я щыхьэту, тхыдэм къыхэнэжащ Іуэхушхуэ куэд. Апхуэдэу, 1559 гъэм СулъТІан и зауэлІэр и гъуэсу Урысейм и ипщэрабгъу кьэрал гъунапкъэхэм бийм и шу гуп щызэтрикъутащ. Япэ дыдэу Черкасский Михаил зыкъыщигъэлъэгъуа зауэрат ар.

Черкасский Михаил 1567 гъэм зауэм хэтащ дзэпщ Іэтащхьэу. А лъэхъэнэм Марие и дэлъхум пащтыхьым хуабжьу гулъытэ къыхуищІу щытащ: щІапІэшхуэ кьритат, Клязьмэ псым Іут Пороховец кьалэри хэту. Михаил кьулыкъушхуэ зыбжанэ Іэщ Іэльащ: боярину, хэкушхуэ зыІущІэлъ пщыІэ, боярхэм я судым и комиссэм и унафэщІу, опричнэ думэм и Іэтащхьэу, япэ дзэпщу.

Михаил урысыдзэхэм я Іэтащхьэу зэу зыбжанэм 1571 гъэм нэс жыджэру хэтащ. Ар Ливон зауэми щыІащ, 1563 гъэм Полоцк кьалэр къыщащтам я текІуэныгъэшхуэм и хъыбарыфІыр пащтыхьым деж къэзыгъэсар Михаилщ.

Къэбэрдей пщышхуэ Къундет и къуэр 1624 гъэм и пэщІдзэм и адэм и унафэм тету Москва кІуащ. А гъэм Урыскъан христэн диныр кьищта нэужь, цІэуэ Яков кььифІащащ. Апхуэдэу абы кьратат стольник кьулыкъури. Урыскъан бгъэдэлъа акъылым, щІэныгъэм, зэфІэкІым я щыхьэтщ къыкІэлъыкІуэ гъэм кьрата кьулыкъур - Дыщэ палатэ щІыкІым стольникхэм яхэсу япэ тІысыпІэм щыст.

Уеблэмэ, 1626 гъэм мазаем и 5-м пащтыхь Михаил Федорович и хьэгъуэлІыгъуэм, щауэр эдэщысын хуей тІысыпІэм дже щысащ Яков. А зэманым щегъэжьауэ, Черкасский Яков, Романов Иван, Черкасский Иван, Черкасский Дмитрий сымэ я фІыгъэкІэ, пащтыхьым и Іуэнгъэу щытащ. Абы Иноземнэ приказым кьулыкъу щищІащ, дзэпщу Тулэ щыІащ 1641, 1645 гъэхэм.

Черкасский Алексей 1680 гъэм фокІадэм и 28-м Москва кьыщалъхуащ. Урысей тхыдэм лъагъуэшхуэ кьыхинащ, ауэ езыр щІэблэншэ хъуащ. ЗэрыжаІэжьмкІэ, канцлер ин Черкасский Алексей нэхъэр нэхъ кьулей Урысейм исакъым, и пщІэр лъагэт, пащтыхьым дзыхь кьыхуищІырт, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, Черкасскэ лакъуэм и иужьрейт. А зэманым псэуа, Алексей кьыдэлэжьа кьулыкъущІэхэм кьыззэранэкІа гукъэкІыж тхыгъэхэм кьаззэрыхэщыжьымкІэ, канцлер Черкасскэр псэлъэрейтэкъым, цІыху зэтетт, щэхут, дэнэ щыІами, сыт хуэдэ Іэнатіэ зэрихьами сакъыу апхуэдэт.

1702 гъэм Алексей и адэ, тобольск дзэпщ Михаил дэІэпыкъуну яГъакІуэри, илъэси 10-кІэ кьулыкъу зэрихьащ. А зэманым кьриубыдэу сыт хуэдэ ІуэхугъуэкІэ Алексей зыкъигъэлъэгъуа жыпІэмэ, абы иухуащ Бронэ быдапІэр. Алексей и адэр дунейм ехьжа нэужь, 1712 гъэм, ар пащтыхьым иридждэри, стольникыу и деж щыІащ.

1714 гъэм щегъэжьауэ Черкасскэр щылэжьащ кьалэ канцеляриием. Петербург щаухуэм щыгъуэ, Пётр Езанэм абы унафэ кьыхуищІат нэхъ Іэзэ дыдэу Москварэ кьинэмыщІ щІыпІэхэмрэ кьыщигъэту Іэщ Іагъэлі 458-рэ кьалащхьэм елэжьыну кьришэлІэну. КьищынэмыщІауэ, илъэс 20 нэхъ рэ мынэхъыжьу щІалэщІэ 15 кьигъуэту, коммерцэ щІэныгъэхэр ирагъэджьи папщІэ хамэ кьэралыгъуэхэм яГъэкІуэну. Алексей кьыхуащІа унафэхэр псынщІэу, нэсу зэригъэзащІэу щытам и щхьэтщ кьыкІэлъыкІуэ гъэм ар Петербург щрагъэкІуэкІ лэжьыгъэм кІэлъыпІыну обер-комиссар зэращІар. Черкасскэр а кьулыкъум тетащ 1719 гъэ пщІондэ.

1719 гъэм Пётр I и унафэкІэ Черкасский Алексей Сыбырым и губернатору яГъэващ. Урысейр а зэманым губернэу 8-т зэрыхъур. Сыбырым губернатору щыІа Гагариным дзыхь хуащІа мылъкур зэхидыгъужати арат Черкасскэр щІагъэкІуар. Пащтыхьым абы дзыхь кьыхуищІырт, зэрыцІыху пэжыр, зэрымыпэсейр ищІэрт, кьиущынэмыщІауэ, Алексей Сыбырыр фІы дыдэу ищІыхурт.

ИлъэситхукІэ Сыбырым и тету зэрыщыІам кьриубыдэу, Черкасскэм а щІынальэр башкирхэмрэ монголхэмрэ ящихьумащ. Черкасскэр дэлэжьауэ щытащ Екатеринэ Езанэм, Пётр ЕтІуанэм, Аннэ Иоановнэ сымэ. Кьыхэгъэщыпхъэщ пащтыхьыр дунейм ехьжа нэужь, абы и унагъуэм и пщІанТІэм кьыщекІуэкІ псалъэмакъэм хэмыІэбэу, лей жимыІэу, зэныкъуэкъуэхэм Алексей япэІэщІэ зищІауэ зэрыщытар. Абы щыгъуэщ Черкасскэм Первозваннэм, Невскэм я орденхэр кьыщыхуагъэфэщар.

1727 гъэм гъатхэпэм и 8-м Екатеринэ I кьыззэригъэпэща, коммерцэмкІэ комиссэм хагъэхьащ Черкасскэр. Алексей кьызыхуигъэщІари, и акъылри, и зэфІэкІри кьыщигъэсэбэпын кьулыкъур арат - политикэ утыкур. «Черкасский Алексей щапхъэ зытрахьи хуэдэ политикщ. Гурэ псэкІэ и лэжьыгъэм хуэпэжщ, пащтыхь гуащэми пщІэшхуэ кьыхуеущ», - апхуэдэ псалъэжэр урыс тхыдэм кьыхэнэжащ канцлерым теухуауэ.

Зыми и унафэ щІэмыувэ, я щхьэрэ я лъэпкъымрэ яхъумэжу, щыхькІэ, лІыгъэкІэ, хахуагъэкІэ кьалъэщІыхьэн щымыІэу псэуащ дяпэ итахэр. Урыс-Кавказ заузм и Іэужьу дуней псом текъуэха хъуа ди лъэпкъэгъуэхэм я гур иудами, лъэрытету кьыщІэнар, лъабжьэ быдэ зрагъэгъуэтмэ, зэгуэр адыгэм иІа цІэмрэ щхьэмрэ щигъуэтыжыну чэзум пэплъэн, дэнэ лъэныкъэкІэ кьыщымыхутами «уей-уей» жезыгъэІэу псэуа лъэпкъым хуэфэщэн щІэблэ игъуэтын хъуэпсапІэр и гъуаэзэти аращ. Зыхъумэжьыным и закъуэ мыхъуу, зыхэхуа лъэпкъым кьаруКІэ, акъылкІэ кьахэщхьэхуКІыныр и лъым хэту кьэгъуэгурыКІуащ адыгэр. Абы и щапхъэ куэд ди пащхьэ кьрелъхьэ тхыдэм. Ноби аращ: адыгэ лъэпкъым кьыхэкІа быН пажэхэм - кьулыкъущІэхэм, еджагъэшхуэхэм, унафэщІхэм, дзэпщ, хахуэхэм, зауэлІ бжьыфІэхэм, бзылъхугъэ Іущхэм - я цІэр щоІу дунейм и сыт хуэдэ щІыпІэми. Ди лъэпкъыр машІэкъэшм, хэкум исыр Іэбжьыбым хуэдизфІэкІа мыхъуми, дунейм адыгэ мелуани 10-м щІигъу тетщ. Ахэр адыгэбзэкІэ псалъэу, адыгэ хабзэм тету, я бгъэм адыгэгу кьыщеуэу псэуху щыІэнущ ди лъэпкъри.

ИщхьэІуэкІэ дызыщытепсэлъыхьа тхыдэшхуэм дызэрыщыщІы, дунеижьыр зыгъэгъэзу щыта зауэлІхэмрэ пщы ерухэмрэ я щІэблэу дызэрыщытым уи щхьэр лъагэу уигъэІэтыжми, кьыхэгъэщыпхъэщ адыгэм дэнэ лъэныкъэкІэ игъэзами, сыт хуэдэ лІыгъэ игъэхъами и хэкум щилэжььам, хуищІам ефІэкІи щІыхь зэи зыщІыпІи зэрыщимыгъэтар. Тырку адыгэхэм ящыщ усакІуэ Лу Джихьэн и Іэдакъэщэкіэкіі духьнщ мы тхыгъэр:

Ди лъэпкъыр и щІыхь
Кьалэныи хуэпэжу щымыту
ГъащІэм зы махуи хьыхьакъым,
Іэщэр тІэщІэлъу хамэщІыр тхъумэжу
ДгъэщІати, зы фІыщІи, щІыхьи
пытхакъым...


Инал Нэху


Черкасский Къанщауэ (Дмитрий)

● Псалъэжьхэр

Дэтхэнэ цІыху Іущри къызэрыгуэкІщ

♦Ныбжьэгъугъэмрэ къуэшыгъэмрэ сыт хуэдэ къулеигъэм нэхъри нэхъ лъапІэщ.
♦Зэгурыіуэ здэщыІэм берычэти щыІэщ.
♦Гъуэгу нашэкъашэм жыжьэ унигъэсынукъым.
♦Ущизакъуэм и деж гъуэгури кІыхьщ.
♦Пшэ зытемылъ уафэм уэшх къехыркъым, нэщхъеягъуэ зыщІэмылъ нэхэм нэпс къащІэкІыркъым.
♦Дэтхэнэ цІыху Іущри, къызэрыгуэкІщ.
♦Куэдыр пущ, машІэр лъапІэщ.
♦ЩІакхъуэр пудщ ахъшэ ущиІэм деж.
♦Жыгыр псынщІэу хасэ щхьэкІэ, къыпыкІэнум куэдрэ йожьэ.
♦ХьэщІэм пщІэ хуэзыщІ бысымым и щІыхьыр инщ.

Кулиев Къайсын и юбилейм кърихьэлІащ шэшэн усакІуэ цІэрыІуэ Ахматовэ Раисэ. *1977 гъэ*

Зыгъэгуси... зыщыгъэтхъу

Маршруткэм дисц. Ар зищІысыр фщІэрэ? ЦІыху зыбжанэ зэрыхуэ автобус жьей е таксиишхуэ, сытми, лъэсхэр щыпІащІэм деж зэрызекІуэ мотор гуимэ, «шофёр»-кІэ зэджэ цІыхухъу тэмакъкІыхь и гублащхьэдэсу, «Къэгъэувыд» жаІэху къэмыгубжьхэр телефонкІэ уэршэрхэр зэхамыхьи папщІэ уэрэд къезыгъаІуэм хуэдизыбзэ мэхъу. Ашэмэз и сыринэм уІэщІэкІыну Іэмал щыІэххэкъым: гъуэгупщІэ зэпта шыгухум уэзригъэтыныщм къыдэкІуэу уи щэнхабзэ къэухым зригъэужьыныр псапэу къелъытэ.

«ГУПСЫСИ умыпсалъэ, зыплъыхьи умытІыс», - аращ гъуэгурыкІуэхэм я хабзэ дыгъэлІр, зи гупкІэ уис ашэмэзхэм я уазым уедэІуэну ухуэмеймэ. «Дунейм теттэкъым сызыхуей, - жриІэжьырт къыбгъэдэсым маршруткэм дэс щІалэжь гуэрым, - а цІыхубзыр («ДебгъэуукІырт, щІалэ!» къыжезыІар) дакъикъэ пщыкІутхукІэ цІыхухъуу сиІэну фІэкІа...»

Пщэдей ТекІуэныгъэм и махуэщ. Къалэм щекІуэкІыну лъэс зекІуэм зыхуэзыгъэжьэзыр цІыхубэм хуиту зэбламыгъэкІ машинэхэм нэгъуэщІ уэрамхэмкІэ дадзыхьан хуей мэхъу. Абы къыхэкІыу, Къалэ кІуэцІым Іуэху щызиІэхэм, дыздэмыкІуэм дыкъыщымыхутэн папщІэ, къалэкум пхыкІхамэ къуажэ маршруткэхэм, мис мы дызэрыс Къалэжьей хуэдэ кІуэхэм, зыдоугуашэ. Къалэжьей дыкІуэ хуэдэу абы и кІэм нэс уишэным хуэзэ гъуэгупщІэ идотри, лейуэ тхэщІам къыщІэкІ тыншыгъуэхэр къыхьдобжыкІыж.

Ахэр зэкІэ нэрылъагъуэкъым. Маршруткэм из дыхъупакъым, ауэ исын дужэгъуакІэщ, мыпІащІэ къытхэткъым. Псомиз зыхэтщІэр нэхъ ІупщІуэкъзыпкърыщыр ялъ дыдэ къитІыхсхьауэ ипэ тІысыпІэм деж щыс бзылъхугъитІращ. ПсынщІэу из дызэрыхъу-нум щагъэгугъыу, а тІур маршруткэм къиплъэжм яхуэбзэІэфІщ, псом хуэмыдэу Зи ЖыІэ ПхыкІ нэхъыжьыр. Ежьэныгу къомыр абы зэакъылэгъуу дыхуэарэзыщ:

- ДІыхуипщІ дрикъуэмэ, текІыну жиІащ шофёрым. Зы, тІу, щы... Зы къитІысхьэжмэ, деджэнщ.

- Сэ тІум я уасэ ёстыныкъым, - жеІэ икІэмкІэ сабиитІ и гъусэу из щІалэ Іэсэлъасэм.

- НтІэ, иджыри цІыхуитІ дыхуейщ.

Ауэрэ зы хъуэджэб къотІысхьэ. Иджыри нэрыбгитІ.

- ФыкІуэ, шофёрым феджэ, - жеІэ Зи ЖыІэ ПхыкІым.

ЩІалэ Іэсэлъасэм нэхъ зытехуэ истэкъыми - сабийхэр цІыкІуІуэщ, адрейхэр бзылъхугъэщ - къотэджри, шофёрым еджэну йокІ. «Иджыпсту сыноКІуэ» жэуапыр къыздехьыжри къотІысхьэж.

«Иджыпстур» къэмысурэ, Іуэхур Зэхэзэзрыхьу ЗыфІэмыфІ БзылъхугъІэ гуэр маршруткэм къотІысхьэ.

- Дэнэ иджыри къэс уздэщыІар? - жреІэ абы Зи ЖыІэ ПхыкІым. ИцІыхукъым, ауэ ягъэ кІынукъым. «ДебгъэхъуІащ ди бжьгъэр ирибгъэкъури», - къригъэкІыу аращ жиІэм. Адрейми ар къыгуроІуэ. КъуэгъэнапІэм къуэс бзылъхугъэ щхъум гъуэгупщІэжэр къыхех, зыгъэзэжкір яретыж.

Шыгуху къэгувэр зэрыкъуанШэр наІуэщи, хуэм-хуэмурэ узэгуэмыпыныр емыкІу мэхъу.

- КъыІэритІыхсхьэжу псори дытебгъаІалъэ, - къыхедзэ Зи ЖыІэ ПхыкІым. ЦІыхубз зэкІэлъыкІуэщ, бзаджэкъым, ауэ захуагъэм хьэтыр иІэн хуеййкъэ?! Ущимызакъуэм деж фІым нэхъ утогушхуэ: маршруткэм ис псоми зэдзэдгъэхъеІ акъылыр абы и бзэм нэхъ пыщІащ.

Аргуэру джакІуэ кІуэн хуейуэ ягъэув.

- Сэ сыкъеджэнщ абы, - жеІэри, Іуэхур Зэхэзэзрыхьу ЗыфІэмыфІ БзылъхугъэщІ йокІ. Ар цІыхубз зыІэщІэлъщ, ныбжь хъарзыни иІэщ, ауэ лъэ псынщІэщ: мынэхъыщІэми, шыгуху жьажьэр езым нэхъ зыфІигъэлІыкІыфыну къысфощІ ипэ щыуэрхъуэм. «Нэсауэ пІэрэ?» жыдмыІэ щІыкІэ, шофёрым и гъусэу къегъэзэжри, мотор зэщІэнам и макъым дигуэхэр допсэжуж.

- ЛІо уэ, щІалэ, куэзыр уджэгуу утІысыжауэ, цІыхухэр къожьэу... - Зи ЖыІэ ПхыкІ БзылъхугъэР апхуэдизкІэ макъ къыуагъэншэщ зэрыпсалъэри, аргуэру дигукІэ абы дыдожьу, жимыІапхъэ гуэр къыжьэдэкІыу дигу къэмыкІыу.

- ЦІыхум ищІэр фымыщІэу... - «цІыхур» езыр зэрыарар, абы апхуэдэу узэрызримыгъэпсэлъэнур къыдгуригъэІуэну хуожьэ шыгуху щІалэр.

- ЖытІэр къыдиудэкІыжкъыми, ари куэд и уасэщ, - зэхимыхьа нэпцІ зещІ Зи ЖыІэ ПхыкІым: мызыгъэузу бэлэрыгъами, щІалэр зэрыщІалэфІыр уолъагъу.

- Хьунщ, ей, ощхьэр бамПІэ хьунукъым, - жеІэ ар къэзышэжа, Іуэхур Зэхэзэзрыхьу ЗыфІэмыфІ БзылъхугъэщІ.

- Уэ дакъикъэ пІлыщІкІэ уисакъыми пщІэрыкъым ар, - недзыж абы Зи �жыІэ ПхыкІым къыбгъэдэс щІыхьэ щабэм. «Дытебгъалъэ» жызыІа и гъэрэр игъэпэж къудейщ, армыхъумэ ари къыщитхъыныфэкъым.

- ЛІо уэ маршруткэ ягъэ уитІысхьэу ара? - и щхьэ хужиІэж хуэдэу къыдрешей ЩІалэфІым щІэрыщІэу. Зыри жиІэнутэкъым, ауэ езым къыбгъэдэс щІалэгъуалэм я пащхьэ къарабгъафэ къыщытеуэ хъунукъыми, къэгубжь пэт зегъэгуусэ.

- Хьунщ, ей, зэфІэкІащ, дежьащ, узынщэу Тхьэм дынигъэс. Рупым убамПІэу удэс хъунукъым! - жеІэ аргуэру шофёрыр къэзышэжа цІыхубзым, здэуэным Іэфіу щІэлъыр лъэныкъуитІми яІэпигъэхуу.

Ахъшэ къыхэзыіха бзылъхугъэм бжьми къыхэбжьыкІыжыни хуэмейуэ псоми я гъуэгупщІэр шыгухэм Іэрегъэзыхь.

ДокІуэ. ПсынщІэу, тыншу, зыщІыпІэ дежи дыщымыгувэу, уэрэди, Тхьэм и шыкуркІэ, демыдаІуэу. Къалэм дыноС. «Мо уэрамдкІым деж къыщыхуэгъэзыфІэ», - жеІэ Зи ЖыІэ ПхыкІ БзылъхугъэщІ, маршруткэр Къалэм здрикІуэм. «Къалэм нэс фІэкІаи укъэмыкІуэу...» - «къохьеижь абы екІуэжыныгу шофёрым и гукъанэр, гушыІэ мащІэ къыщІыхьэу, ауэ и нэщхъыр зэрызэхэлъщ.

- Хьунщ ищхьэ, укъызэрыптэмыпсалъэжар хыумыгъэкІуэдэж, Къалэжьей нэс и уасэр уэттащ, - къыпедзыж Зи ЖыІэ ПхыкІ БзылъхугъэмИ, ЩІалэфІым къигуэмэтІым ТІэкІуми хуемыдаІуэу фІокІыж...

«ЦІыхухэм зэхахьу сымышІалэфІу жыпІэриси жагъуэ пщІащІ» - кІэльидз хуэдэт абы шофёрым. Ауэ ар иджы И Іэмышщ Имылъыж БзылъхугъэмИ зэрыщІапхымыкІынур Іупщ!т: гукъанэкІэ зыІэрыбгъэхьа щытхъум и уасэм Къалэжьей унихьэсынутэкъым.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● ГушыІэхэр

ЗэфІэкІ зыбгъэдэлъ щІалэ

Школакіуэ щІалэ цІыкІум макъамэ дерсхэм щІэсыну фІыуэ ильагъуртэкъым, ауэ щІэмыхьэу къыхуадэртэкъым. Зэгуэрым егъэджакІуэм зэран хэхъуэу щысти, зэ-тІзу ешхыдэри хъуакъым. ИтІанэ жреІэ:

- Инал, дерсым щэхуу ущІэмысмэ, уи адэ-анэм макъамэмкІэ зэфІэкІышхуэ уиІэу ржесІэнущ.

Инал абы иужькІэ зэранижакъым.

ТІури зэгъусэу

Хъыджэбзитl мэуэрщэрри автобус къуэкІыжауэ щІэсыну тетщ. Зыр - автобус №2-м, адрейр №7-м поплъэ.

Псалъэу здэщыгъум, №27-р къэувыІати:

- НакІуэ, тІури зэгъусэу дызыхуейм дишэнущ, - жиІэри, зым адрейр иришэжьащ.

● Шхыныгъуэхэр

Жэгундэ плъыжь

Жэгундэ плъыжьым цІыхум и Іэпкъ-лъэпкъыр зыхуэныкъуэ куэд хэлъщ. Ар зэрыцІынэуи гъэвауи яшх. Жэгундэ плъыжьым и псыр къыщІакъуэзыкІри ираф. Ар сэбэпышхуэ яхуохуэ зи жьэжьей, шхалъэ, тхьэмщІыгъу узхэм. КІэтІийхэри егъэкабзэ.

Жэгундэ плъыжь гъэва

Жэгундэм и тхьэмпэр паупщІ, езыр ятхьащІ, псывэм халъхьэри, шыуаныщхьэр тепІауэ мафІэ щабэм тету хьэзыр хъуху ягъавэ. Зыхэвыхьа псыр ираКІут, езы жэгундэр тІэкІу ягъэдийри яуКъэбз. Жэгундэ дия укъэбзар бзыгъэ цІыкІуу яупщІатэри яшх.

Халъхьэхэр:

жэгундэ плъыжь мыуКъэбзауэ - г 400,

зэрагъэвэн псыуэ - г 1500-рэ.

Жэгундэ плъыжь зэхэупщІэта

Жэгундэ гъэвар Іупщ!э цІыкІуурэ яупщІатэри, пІинэ къищІу тепщэчым иралъхъэ. ШатэкІэ зэхэщІа бжьныхуу убэ абы траКІэ. Ягъэдийри яшх. ЩІакхъуэ е лэкъым дашх.

Халъхьэхэр (зы цІыху Іыхьэ):

жэгундэ плъыжь гъэвауэ - г 200.

шатэу - г 50,

бжьныныхуу - г 5,

шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Фэ фщІэрэ?

Насыпыфіэу щыпсэу къэралхэр

ООН-м къызэрипщытам тепщІыхьмэ, цІыхухэр нэхъ насыпыфІэу щыпсэу къэралхэр зыбжанэ мэхъу. Нэхъ насыпыфІэ дыдэу къалъытэхэм хабжащ Даниер, Норвегиер, Швейцариер, Нидерландхэр, Швециер.

Урысейм иубыдар 68-нэ увыпІэрщ. СНГ-м хьэхуэу щыта къэралхэм ящыщу Урысейм ящ ищащ Молдавиер, Къэзахстаныр, Туркменистаныр, Узбекистаныр, Белоруссиер.

Псэпщытэныгъэм хэтащ къэрали 150-рэ. Абыхэм я псэукІэм, щекІуэкІ гъащІэм хэпльащ экономикэмкІэ, психологиемкІэ, статистикэмкІэ Іэщ!агъэлІхэр, щІэныгъэлІхэр.

Рейтингым кІэух хуэхъур Африкэм и къэралхэрщ: Гвиней, Танзание, Руандэ, Бурунди, Африкэ Курыт Республикэ, Бенин, Того.

КЪЭБАРТ Мирэ.

● ГъэщІэгъуэнщ

ХъэтІым куэд елъытащ

СэмэгурабгъумкІэ егъэщІа хъэтІым «Леонардэ и хъэтІ»-кІэ щоджэ психологием. **Леонардэ да Винчи** и Іэрытх цІыкІуХэр апхуэдэ хъэтІкІэщ зэрытхари, абыхэм укъеджэнщ икъуКІэ гугъущ.

Наполеон и хъэтІым зихъэжу щытащ. И ныбжьыр кІуэтэху, ар нэхъ гугъу, зэхэщІыкІыгъуей хъурт. Псалъэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, Наполеон и «Клиссон и Евгения» романым къеджэфи папщІэ Іэщ!агъэпІхэм трагъэкІуэда зэманымрэ къарумрэ къэлъытэгъуейщ.

Толстой Лев и хъэтІри гурыІуэгъуафІэу щыттэкъым. Абы и Іэрытхэр къызыхуихыр «Война и мир» романыр зыбжанэрэ къизытхыкІыжа и щхьэгъусэм и закъуэт.

Психиатр Ломброзэ Чезаре Толстой и хъэтІыр ильэгъуа нэужь, зи псантхуэм ныкъусаныгъэ иІэ цІыхубз гуэрым ейм иригъэщхьат.

Пушкин Александр и хъэтІым, хабзэ зэрыхъуауэ, «псынщІэрыгъэ»-кІэ йоджэ. Абы и тхэкІэр ягу ирихьу щытакъым лицейм щезыгъэджажэм иужькІэ дэлэжьахэми. Апхуэдэ хъэтІу иІэнир къемызэгъыу къалъытэрт куэдым.

● Псалъэжьхэр

Дэтхэнэ цІыху Іущри къызэрыгуэкІщ

♦Ныбжьэгъугъэмрэ къуэшыгъэмрэ сыт хуэдэ къулеигъэм нэхъри нэхъ лъапІэщ.
♦Зэгурыіуэ здэщыІэм берычэти щыІэщ.
♦Гъуэгу нашэкъашэм жыжьэ унигъэсынукъым.
♦Ущизакъуэм и деж гъуэгури кІыхьщ.
♦Пшэ зытемылъ уафэм уэшх къехыркъым, нэщхъеягъуэ зыщІэмылъ нэхэм нэпс къащІэкІыркъым.
♦Дэтхэнэ цІыху Іущри, къызэрыгуэкІщ.
♦Куэдыр пущ, машІэр лъапІэщ.
♦ЩІакхъуэр пудщ ахъшэ ущиІэм деж.
♦Жыгыр псынщІэу хасэ щхьэкІэ, къыпыкІэнум куэдрэ йожьэ.
♦ХьэщІэм пщІэ хуэзыщІ бысымым и щІыхьыр инщ.

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **1.** Егъэлеяуэ ерыщ. **4.** МусЛыымэн пшхы мыхьуну къиплытэ ерыскъыгъуэхэм щхьэкІэ апхуэдэу жаІэ. **6.** Мэлыхьуэ, джэдыхъуэ, бжэныхъуэ, ... е Дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм лъакъуэрыгъажэмкІэ дыщэ медаль къыщыхьыха ди лъэпкъэгъу. **8.** Уи псалъэ мыкІуэду уи ... укІуэд. **8.** Акъылым ... иІэжьым, гъэсэныгъэм гъунэ иІэжьым. **10.** Бжейм къыпыкІэ жьлэ. ЦІыхум яшх. **11.** ЗыгъэлаКІуэ Іэззу щыта, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артист. **13.** Ди щІынальэм щыІэ псыежэх. **15.** Жыг закъуэ ... хъуркъым. **16.** Жыг къудамэ теупщІыкІам хуэзэу къыхэнэ Іэпапіэ. **17.** КІуэ пэтми бжьиз зымыкІу. **18.** Еуэкіыпіэ. **18.** Егъэлеяуэ щыщІыІэ зэман. **21.** ... кІэрыпщІэрэ? **22.** Адыгэ лъэпкъым и зы къудамэ. **25.** Гъавэ кърахьэлІам щыщ Іыхьэу хуэмыщІахэм иратыр. **26.** ЗэуапІэ губгъуэм уІэгъэ хьэлъэ щыхъуа сэлэтыр мэлъаІуэ : «Псы ... закъуэ». **28.** Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, тхакІуэ цІэрыІуэ МафІэдз ... **28.** Іэщ. **30.** Псэущхьэ щхьэзыфІэфІ. **31.** Езыр мыльэтэфми, хъы зэІуищэхэмкІэ бадзэ къебубыд. **32.** Нартыкум и купсэ, жьлэ къэзыщІ. **34.** ІэмыкІуэлъэмыкІуэ. **36.** ... и губжьыр кхъуэм щехьэ. **37.** Щ!оджэнцІыкІу Алий лъэпкъ литературэм езым и ... щыпхишащ. **41.** ПшахъуэщІ. **42.** Лъапэ ... къыухьэжьэж! **43.** Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ. **45.** Бын. **46.** Къыдалъхуауэ, цІыхум и щыфэм хэт, хэс. **47.** КъуэкІыпІэ гъунэгъум щыІэ хьэрыт къэрал хуэмыща. **48.** ПхъащІэ Іэмэпсымэ.

Къехьу: **2.** Совет Союзым и ЛІыхъужь Къуэныкъуэй ... **3.** Рим къалэм щекІуэкІа Дунейпсо Олимп зэхьэзэхуэхэм жэз медаль къыщызыхьа ... Хьэсэнбий. **4.** Хадэжкі трищІэну унагъуэм игъащІэ щы Іыхьэ. **5.** Іэлъын, тхьэгъу хуэдэхэм ирагъэтІыхьэз. **6.** Къэрэкъурэ ... е къалмыкъ ... **7.** Зэадзэкъуэ еджагъэшхуэхэр: щыри физикщ, щыри щІэныгъэхэм я докторщ. **12.** Дунейм ехьжар щыщІалъхьэкІэ, дыуэ зэрытращІэм апхуэдэу йоджэ. **14.** ПластатІхъэ. **16.** Іэщ; къэгубжьауэ упэщІэхуэмэ, бжьакъуэзкІэ узэрихьэнщ. **20.** Мэлбахъуэ Тимборэ иужькІэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и япэ секретару щыта. **21.** Уэрэджы!акІуэху. Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и артистхэу Уэтэрхэ Анатолэрэ МуІэдерэ, Шал Хъусен сымэ я къуажэ. **23.** Языныкъуэ псэущхьэхэм я щІыфэм хищІэ хьэпІащІэ. **24.** ЛІыжьыр мэхъурджауэ: «Иджырей щІалэгъуалэм ... бзыпхъи ящІэркъым». **27.** РайоныцІэ. **31.** ШкІэ мэжэлІам и ... макъ къэІуащ. **33.** Жыг къэтІэнІам и нэщэнэ. **35.** Хэку зауэшхуэм и зэманым нэмыцэхэм ящыгъуу ди республикэм къикъьа лъэпкъ. **38.** Нэхъапэм адыгэм зэрахьэу щыта языныкъуэ хьэкъущыкъухэр а гъущІ пІащІэм къыхэщыкІащ. **38.** Зи пхъафэхэр гъуабжэ жыг лІэужьыгъуэ. **40.** Швейцариемрэ и къалащхьэ. **42.** Псыщхьэ тещтыкІа. **44.** «Сосрыкъуэ къоЛъыхри зы пхъэдзакІэ къепхъуатэ, а пхъэдзакІэр щиПхъуатэм зы ... ини кІэрыкъуэ ...» - Сосрыкъуэ мафІэ къызэрихьар хъыбарым щыщщ.

Зэхэзылъхьар

МЫЗ Ахьмэдщ.



Жэпуэгъуэм и 15-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр

ЕкІуэкІыу: **1.** Лъэсэн. **4.** Хьэмбыпу. **7.** Мэрем. **10.** Чэн. **11** Бажэм. **12.** Быпым. **13.** Мес. **15.** Нэгумэ. **17.** Ар. **18.** Ба. **19.** Тэтэр. **21.** Пыжь. **22.** Къуэн. **23.** Анэш. **25.** Шэнт. **27.** Щыгу. **29.** Уд. **30.** КІэ. **36.** Гуанэ. **37.** МэрэкіуапцІэ. **38.** Ахъшэ. **41.** Ду. **42.** Хугу. **44.** Шакъ. **45.** Къущхьэ. **49.** Пшэр. **51.** Бэч. **52.** Гын. **53.** Гуэбэн. **55.** Лы. **56.** Хьуп. **57.** Къэзан. **59.** Гуэл. **61** БамПІэ. **62.** Гуэныхь. **63.** Жэщ. **65.** Нащхъуэ. **66.** Тхьэрыкъуэ. **67.** КІапсэ.

Къехьу: **1.** Лъычын. **2.** Сын. **3.** Набжэ. **4.** Хьэжбарэ. **5.** Бо. **6.** Уэлбанэ. **7.** Мамкъут. **8.** Рим. **9.** Мысыр. **14.** Иныжь. **16.** Гуэн. **20.** Тощ. **22.** Къуршгуэгуш. **23.** Афэ. **24.** Шу. **25.** Шэ. **26.** Топ. **28.** Гузбэнэч. **31.** Унэ. **32.** Шэд. **33.** ЕкІуу. **34.** ПцІы. **35.** Пхъэ. **39.** Мэкъу. **40.** Жыр. **41.** Дэ. **43.** Гуп. **45.** Къзэб. **47.** Хьэлэмэт. **48.** Ныбжь. **50.** Шыпхъуншэ. **51.** Баз. **53.** Гуэгуэн. **54.** Набдзэ. **57.** КъьехьэкІ. **58.** Нащхъэ. **60.** Лащ. **63.** Жэп. **64.** Ер.

● Унэгуащэхэм папщІэ

Къэбыр, кІэртІофыр, джэдыкІэр...

Хьэжьигъэр (нартыху хьэжьигъэри, гуэдз хьэжьигъэри, нэгъуэщІри) шхыныгъуэ къыхащІыкІын и пэ кІихуэу Іэмал имыІэу кхъуэзанэкІэ ящхэжьащ, жьы щІихун щхьэкІэ.

* * *

ГъэшхэкІхэр нэхъ куэдрэ зэІыхьэркъым зэрыт къэкъущыкъур бинткІэ щхьэщыщІапхыкІаІуэ щыІэпІэ бгъэувмэ.

* * *

Къэбыр щагъэвэжкІэ псы куэд щІакІэмэ щІынэ мэхъу, и Іэфіри щІех.

* * *

Ныбапхъэр щалъэскІэ зэралъэс псым содэ хакІутэ, абы нэхъ псынщІэу егъэкъабзэри, ауэ а содэм егъэкІуэд ныбапхъэм хэлъ витамин С-р.

* * *

ТхьэмщІыгъуныбэ, нэкулъ щагъавэкІэ мафІэр драшейркъым, кІэтІий кудар къэуэнущи.

* * *

КІэртІоф укъэбзар псы щІыІэм хэлъмэ фІыцІэ хъуркъым.

* * *

КІэртІоф пІастэ ящІыну кІэртІоф гъэвар бёлагъькІэ яуб. Иджы нэхъыбэм кІэртІоф гъэвар лыхьэжьым щІагъэкІ хъуащ. Ар нэхъ псынщІэу зэфІэкІ щхьэкІэ, абы кІэртІоф пІастэр фІыцІэ ещІ икІи витамин С-р егъэкІуэд.

* * *

Джэдыкіэр щаудэкІэ ар зракъутэр хьэкъущыкъу лащ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэс Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Изэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КъыдэзыгъэкІэжьмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ!апІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суРэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэрэ зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хутыныгъэр хъуэмэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ!апІэм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Дышэкі Сонэ,** *редактору* **Жылаэс Заурбэч,** *корректорхэру* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(1, 2, 3-нэ нап.),* **Нэужькъуэ Заирэ** *(3, 4, 6-нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и тепльэр ящ!ащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Марианнэ, Ныр Саидэ, Бещто Оксанэ,** *суРэтхэм елэжьар* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.417 ● Заказ №1331